ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№39 (23.697) ● 2018 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 22, махуэку ● И уасэр зы тумэнщ

КIуэкIуэ Ю. А. иригъэкIуэкIащ республикэм исхэм газ уасэр зэратыр егъэфIэкIуэным теухуа зэIущIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIа зэIущIэр теухуауэ щытащ республикэм исхэм газ уасэмкIэ къатехуа щIыхуэр пшыныжыным. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков А. ТI., КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь., «Газпром межрегионгаз Налшык» зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Цыплухин А. Г., Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Алэкъей А. М. сымэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщIхэм, жиIащ КIуэкIуэ Юрий, лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI республикэм къыIэрыхьэ энергием, абы газри хэту, я уасэр и зэманым тыныр къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ. Нэгъабэ елъытауэ къагъэсэбэпа гъэсыныпхъэм и уасэр зэратыр мазэ къэс проценти 8 - 9-кIэ нэхъыбэ мэхъу. Къагъэсэбэпа газым и уасэр нэгъэсауэ япшын республикэ, щIыналъэ бюджетхэм я хьэкъкIэ лажьэ организацэхэм. Апхуэдэу цIыхухэр хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ предприятэхэм газ уасэу ятым хуэдэ 1,8-кIэ хэхъуащ (2016 гъэм газ уасэм щыщу сом мелуан 320-рэ ятауэ щытамэ, нэгъабэ ар сом мелуан 650-м нагъэсащ).

Апхуэдэу щытми, газ уасэмкIэ зэтрихьа щIыхуэр мащIэкъым. Абы къыхэкIыу республикэм и Правительствэм, «Газпром межрегионгаз Налшык» зэгухьэныгъэм хуагъэуващ мы Iуэхум зэщIыгъуу елэжьыну, газкIэ къызэзыгъэпэщ организацэу республикэм щыIэхэм нэхъ ткIийуэ ябгъэдыхьэну. «Дэ дызэгурыIуащ кварталыр иуха нэужь, IуэхущIапIэхэм ящыщу нэхъ къыкIэрыхухэм унафэ ткIий трагъэщIыхьыну», - къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Ю. А.

Къызэхуэсахэм гу лърагъэтащ газ уасэр зэрапшын щIыкIэр нэхъ гурыIуэгъуэу икIи зэIухауэ къызэрагъэпэщыну, абы и лъэныкъуэкIэ щIыналъэми газыр къэзыутIыпщ организацэхэми яIэ Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ нэхъ жыджэру къагъэсэбэпыну. А Iуэху дыдэм тепсэлъыхьауэ щытащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ «Газпром» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и правленэм и тхьэмадэ Миллер Алексейрэ щызэхуэзам. Зи чэзу Iуэхухэм, зэдэлэжьэныгъэм зегъэужьыным къадэкIуэу, ахэр зэгурыIуащ газ уасэмкIэ блэкIа илъэсхэм зэтрихьа щIыхуэр зэман пыухыкIахэм ятещIыхьауэ япшыныжыну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Сочэ къуэдкIэ пэжыжьэми

● Паралимпиадэ-2018

Корее Ипщэм и Пхёнчхан щIыпIэм зи чэзу Паралимп джэгухэр гъатхэпэм и 18-м гуфIэгъуэкIэ щызэхуащIыжащ. Ди къэралым икIахэм абы етIуанэ увыпIэр щаубыдащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и иужьрей махуэм Урысей Федерацэм щыщ, «Зи щхьэ хущытыж олимп атлетхэм» зы медали къащыхуэхьакъым. Абы щхьэкIэ къэмынэу ди щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ официальнэу щымыт гуп зэпеуэм етIуанэу къыщынащ.

Пхёнчхан кIуа, ди къэралым щыщ спортсмен 30-м къахэжаныкIащ апхуэдэ зэхьэзэхуэ инхэм япэу хэта **Румянцевэ Екатеринэ**. Абы дыщэ медалу 3-рэ дыжьынитIрэ зыIэригъэхьащ.

Корее Ипщэм тIэунейрэ щытекIуэри, и паралимп чемпионыгъэхэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу хигъэхъуащ **Лысовэ Михалинэ**. КъищынэмыщIауэ, биатлонымрэ лыжэкIэ къызэдэжэнымкIэ ар Пхёнчхан щэнейрэ етIуанэ, зэ ещанэ щыхъуащ. Псори зэхэту Лысовэм Паралимп джэгухэм (Ванкувер-2010, Сочэ-2014, Пхёнчхан-2018) дыщэ медалу 6, дыжьыну - 8, жэзу - 3 къыщихьащ.

Биатлонисткэ **Миленинэ Аннэ** хуабжьу къулейуэ и унэм игъэзэжащ. Абы къихьыфащ дыщэ медалу 2-рэ дыжьыну 3-рэ.

Бгым лыжэкIэ къыщежэхми ди щIалэхэр къыхэжаныкIащ. Апхуэдэу Паралимп чемпион хъуащ **Бугаев Алексей**. Абы къищынэмыщIауэ, дыжьын медалри къихьащ. **Редкозубов Валерий** тIэунейрэ ещанэу къэсащ.

Зайнуллинэ Мартэ зы дыжьын медалрэ жэзитIрэ биатлонымрэ лыжэкIэ къыщызэдэжэмрэ зыIэригъэхьащ. **Гуляевэ Иринэ** ещанэу къэсащ.

Официальнэу щымыт гуп зэпеуэм США-м и паралимпийцхэм бжьыпэр щаубыдащ. ИлъэсиплI ипэкIэ абыхэм Сочэ къыщахьа медаль 18-р (2-р дыщэу), Пхёнчхан хуэдитIкIэ щагъэбэгъуащ - 36-рэ (13-р дыщэу, 15-р дыжьыну, 8-р жэзу).

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я спортсменхэм къакIэлъокIуэ Урысей Федерацэм щыщ, «Зи щхьэ хущытыж олимп атлетхэр». 2014 гъэм Сочэ щекIуэкIа Паралимп джэгухэм абыхэм медаль 80 (30-р дыщэу, 28-р дыжьыну, 22-р жэзу) къыщахьауэ щытамэ, иджы хэпщIыкIыу нэхъ мащIэщ, псори дызыщыгъуазэ щхьэусыгъуэхэм къахэкIыу.

Медаль бжыгъэхэмкIэ къытщхьэщыкIами, абыхэм я фIагъымкIэ ди яужь къинащ Канадэм щыщхэр. Совет Союзым къыддыхэтахэу Украинэмрэ Белоруссиемрэ я спортсменхэри гуп нэхъыфIипщIым яхыхьащ, япэм дыщэ медалу 7, етIуанэм - 4 зыIэрагъэхьэри.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Пхёнчхан щекIуэкIа Паралимп джэгухэм къыщахьа медалхэр (гуп нэхъыфIхэр)

Къэралхэр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1. США	**13**	**15**	**8**	**36**
2. Урысей Федерацэ	**8**	**10**	**6**	**24**
3. Канадэ	**8**	**4**	**16**	**28**
4. Франджы	7	8	5	20
5. Германие	7	8	4	19
6. Украинэ	7	7	8	22
7. Словакие	6	4	1	11
8. Белоруссие	4	4	4	12
9. Японие	3	4	3	10
10. Голландие	3	3	1	7

● ЗэIущIэхэр

ЗэфIагъэкIахэмрэ къапэщытхэмрэ

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и коллегием щытепсэлъыхьащ 2017 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэр зыхуэдэмрэ къэкIуэну лъэхъэнэм къапэщыт къалэнхэмрэ.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Ахъуэхъу Таймураз**, КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Уянаевэ Iэминат**, республикэм и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмкIэ, хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэмкIэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**, гъэзэщIакIуэ властым и лIыкIуэхэр, IэнатIэм къегъэщIылIа IуэхущIапIэхэм я Iэтащхьэхэр.

2017 гъэм КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм кърикIуахэм тепсэлъыхьащ министрым и къуэдзэ - министерствэм социально-экономикэ реформэхэмкIэ и департаментым и унафэщI **ТIымыжь Хъусен**. Абы къыхигъэщхьэхукIащ блэкIа илъэсым ди щIыналъэм псори зэхэту сом меларди 151,2-рэ я уасэ продукцэ зэрыщагъэхьэзырар. Ар 2016 гъэм елъытауэ процент 1,3-кIэ нэхъыбэщ.

«Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ ди деж мэкъумэшхэкIыу, IэщхэкIыу къыщалэжьым проценти 3-кIэ зэрызиIэтар (сом мелард 46,2-рэ я уасэ). Ухуэныгъэ лэжьыгъэу сом мелард 14,6-рэ я уасэ зэфIагъэкIащ. Ари япэ ита илъэсым нэхърэ нэхъыбэщ. ПсэупIэ метр зэбгъузэнатIэ мин 426,8-рэ ягъэхьэзыращ. Апхуэдэу цIыхухэм пщIэкIэ хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэми хохъуэ. Бюджетхэм хузэщIагъэуIуащ налогхэу, нэгъуэщI хэкIыпIэхэмкIэ къыхахахэу сом мелард 13. Ар ипэ ита илъэсым нэхърэ процент 21,3-кIэ нэхъ мащIэщ», - къыхигъэбелджылыкIащ ТIымыжь Хъусен.

Министрым и къуэдзэ - къэрал программэхэмкIэ департаментым и унафэщI **Бэждыгъу Темыркъан** тепсэлъыхьащ езыр зыпэрыт IэнатIэм лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIым.

Мы зэманым республикэм щагъэзащIэ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, физкультурэм, транспортым, турист-рекреацэ комплексым, цIыхухэр псэупIэхэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ я IэнатIэхэм, н. къ. яхуэгъэза къэрал программэ 22-рэ. Зи гугъу тщIы унэтIыныгъэхэм 2017 гъэм хуаутIыпщащ псори зэхэту сом мелард 26,8-рэ. Абыхэм ящыщу сом мелард 21,3-р республикэ бюджетым къыхэкIащ.

Нэхъ япэ ирагъэщ «КъБР-м егъэджэныгъэ IэнатIэм зыщегъэужьын», «КъБР-м узыншагъэр хъумэным зыщегъэужьын», «КъБР-м мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьын, мэкъумэшхэкIхэмрэ ерысхэкIхэмрэ зэрыщызэрахьэр зэгъэзэхуэн», «КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьын», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ» къэрал программэхэр.

«Нэгъабэ зэфIэдгъэкIа лэжьыгъэм кърикIуа псори зэхэхауэ зэхэтлъхьэжынущ мы гъэм и мэлыжьыхьым и 1-р къэсыху», - жиIащ Бэждыгъум.

КъБР-м хьэрычэтыщIэ мащIэмрэ курытымрэ зыщрагъэужьынымкIэ 2017 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ министерствэм а IэнатIэмкIэ и департаментым и унафэщI **Белецкая Ольгэ**. Абы къыхигъэщхьэхукIащ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ ди республикэм и гъащIэм мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ увыпIэ зэрыщаубыдыр икIи цIыхухэм я псэукIэм и фIагъыр куэдкIэ зэрелъытар.

2018 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм щылэжьащ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэу 26189-рэ. ХьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэ, курыт щрагъэкIуэкI IуэхущIапIэхэм я бжыгъэр мини 5-м щIигъуащ.

IуэхутхьэбзэщIапIэхэм заубгъу зэпытщ, абыхэм я лэжьыгъэр йофIакIуэ. Къалэн куэд щызэфIагъэкI центрхэм (МФЦ) я къудамэхэм Iуэху зэмылIэужьыгъуэу 202-м щIигъу щагъэзащIэ. Абыхэм къахэхъуащ электрон IэмэпсымэхэмкIэ зэфIагъэкIхэри.

Ди республикэр быдэу ядолажьэ нэгъуэщI къэралхэм. Нэгъабэ и закъуэ абыхэм кърашащ США-м и доллар мелуан 70,28-рэ я уасэ продукцэ. Нэхъыбэ дыдэ къыздикIар Италиерщ, Германиерщ, Китайрщ, Сербиерщ, Финляндиерщ, Азербайджанырщ, Узбекистанырщ, Белоруссиерщ. Ди республикэм нэгъуэщI къэралхэм иригъэшащ доллар мелуан 23,38-рэ и уасэ продукцэ. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** къыхигъэщхьэхукIащ абыхэм нэгъуэщI хагъэхъуэн зэрыхуейр.

«ЯпэщIыкIэ СНГ-м, итIанэ нэгъуэщI къэрал жыжьэхэм зыщыдукъуэдиин хуейщ, ди щIыуэпсым и къулеигъэхэр къэдгъэсэбэпурэ. Дэ дгъэхьэзырын хуейщ дуней псом щIэупщIэ щызиIэ хьэпшыпхэр. Мы IэнатIэм зедгъэужьыным ахъшэшхуэ хэтлъхьэнущ», - къыхигъэщхьэхукIащ министрым.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм шыщхьэуIум и 8-м къищта унафэ №200-ПП-м и языныкъуэ Iыхьэхэм къару ямыIэжу къэлъытэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм гъатхэпэм и 2-м *Налшык къалэ*
№29-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къару ямыIэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм игъэкIуэщIын хуейуэ къалэн зыщищIыжахэм я республикэ реестр зэрагъэув щIыкIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм шыщхьэуIум и 8-м къищта унафэ №200-ПП-м и 4-нэ пунктым;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм игъэкIуэщIын хуейуэ къалэн зыщищIыжахэм я республикэ реестр зэрагъэув щIыкIэм и положенэм и 4-нэ пунктым, къэгъэлъэгъуа унафэмкIэ къащтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI **МУСУКОВ Алий**

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 22, *махуэку*

♦**Псыхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Балтие тенджызым и дунейпсо махуэщ**

♦**Таксистым и дунейпсо махуэщ.** 1907 гъэм Лондон (Инджылыз) и уэрамхэм къыдыхьащ икIуа километр бжыгъэмрэ абы пэкIуэ уасэмрэ къэзыгъэлъагъуэ счётчикхэр зытет автомобилхэр. Ди зэманым таксихэр дуней псом къыщалъытэ цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ нэхъыбэ дыдэ яхуэзыщIэхэм ящыщу.

♦**1874 гъэм** Нью-Йорк и Стейтен Айленд щIыпIэм дунейм щыяпэу щрагъэкIуэкIащ теннисымкIэ зэпеуэ.

♦**1895 гъэм** Париж къалэм Люмьер зэкъуэшхэм япэ кинофильмыр щагъэлъэгъуащ. «ЛэжьакIуэхэр заводым къыдокIыж» - арат а фильм кIэщIым зэреджэр.

♦**1897 гъэм** «Славянский базар» рестораным и пэш щхьэхуэм щызэIущIэри зэпсэлъылIащ урыс режиссёр, театр лэжьакIуэ цIэрыIуэхэу Немирович-Данченкэ Владимиррэ Станиславский Константинрэ. Абдеж ахэр щызэгурыIуауэ щытащ Москва художественнэ театр къыщызэгъэпэщыным теухуауэ. МХТ-р къыщызэрагъэпэща махуэу къалъытэ ар.

♦**1933 гъэм** Германием и Мюнхен къалэм пэмыжыжьэу иIэ Дахау щIыпIэм деж щащIащ япэ фашист концлагерыр.

♦**1945 гъэм** Каир къалэм (Мысыр Республикэ) Хьэрып къэралхэм я лигэ къыщызэрагъэпэщащ. Абы хыхьат Мысырыр, Сириер, Ливаныр, Иракыр, Трансиорданиер (иджырей Иорданиер), Сауд Хьэрыпымрэ Йеменымрэ.

♦**1951 гъэм** СССР-м лэжьэн щыщIидзащ Телевиденэм и студие нэхъыщхьэм.

♦Актёр цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Жжёнов Георгий** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Жамбэч Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессору икIи и япэ ректору щыта, КъБР-мрэ УФ-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **ФиIэпщэ Борис** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыIакIуэ, музыкант, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Сюткин Валерий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым уэс къыщесынущ, хуабэр градуси 2 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 23, *мэрем*

♦**Метеорологием и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и Гидрометеорологие IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1848 гъэм** Венгриер Австрием къызэрыхэкIыр хэIущIыIу ищIащ.

♦**1891 гъэм** футболым япэ дыдэу къыщагъэсэбэпащ гъуэхэм Iуалъхьэ хъарыр - Инджылызым и Ищхъэрэ, Ипщэ щIыналъэхэм я командэхэр щызэдэджэгум.

♦**1956 гъэм** япэ ислъам республикэр - Пакистаныр - къэунэхуащ.

♦**2001 гъэм** хы Хуэмым щыщIрагъэлъэфащ хьэршым щылэжьа «Мир» станцыр.

♦Совет кхъухьлъатэзехуэ цIэрыIуэ, авиацэм и генерал-майор, Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр япэу зыфIаща гупым яхэта **Ляпидевский Анатолий** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Шапсыгъ лъэпкъым къыхэкIа, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Ацумыжь Айдэмыр** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Зеикъуэ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыхуу щыта, IуэрыIуатэдж **ХьэфIыцIэ Мусэбий** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, юстицэмкIэ 2-нэ класс зиIэ къэрал чэнджэщэгъу **Абазэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист, дунейм тIэунейрэ и чемпион, олимп чемпион **Маринин Максим** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 1 - 2, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Iуэху мыублэ блэ хэсщ.

«Адыгэ макъ» газетым и редакцэм деж

Ди ныбжьэгъу лъапIэхэ, ди лэжьэгъухэ!

Ди къуэш Адыгэ Республикэм и лъэпкъ газетыр илъэс 95-рэ ирикъуащ. НыбжьыфI иIэми, абы къыдэкIыгъуэ къэс хегъахъуэ бгъэдэлъ зэхэщIыкIымрэ зэфIэкIымрэ, апхуэдэу хъыбархэр, аналитикэ тхыгъэхэр щIэщыгъуэу утыку ирелъхьэ, напэкIуэцIхэр нэхъ дахэ ещI. Фи журналистхэм зэфIэкIышхуэ зэрабгъэдэлъыр сэбэп мэхъу лъэпкъым къыпэщыт Iуэху нэхъ гугъухэр дэгъэкIынымкIэ, цIыхухэм хэкур фIыуэ ялъагъуу, социальнэ жыджэрагъ яхэлъу гъэсэнымкIэ, зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэнымкIэ, экстремизмэм пыщIа Iуэхухэр къэмыгъэхъунымкIэ.

Адыгэ лъэпкъым къыпэщыт гугъуехьхэмрэ абы иIэ ехъулIэныгъэхэмрэ къэгъэлъэгъуэнымкIэ зэтеува хабзэфIхэр «Адыгэ макъ» газетым и редакцэм щылажьэхэм яхъумэн яхузэфIэкIащ. Урысейм и иджырей тхыдэм къыщыхьуа зэхъуэкIыныгъэхэм къагъэуващ лъэпкъ газетым щылажьэ журналистхэр гупсэхуу блэкIам егупсысу, иджырей зэманым лэжьыпхъэхэр яубзыхун хуейуэ икIи ахэр а къалэным нэгъэсауэ йохъулIэ, хъыбарегъащIэ лэжьыгъэр иджырей псэукIэм езэгъыу ягъэпс.

Газетым и щхьэ хуигъэфащэркъым «пцIым фIыщIэ хуищIу» лэжьэну. «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэм я фIэщ мэхъу XXI лIэщIыгъуэм «Адыгэ макъ» газетыр зэманым къигъэувхэм езэгъыу, лъэпкъым и мурадхэр и гъуазэу, абы и зэхэщIыкIыр къигъэлъэгъуэфу зэрылэжьэнур.

«Адыгэ макъ» газетыр илъэс 95-рэ щрикъу махуэм дохъуэхъу абы щылажьэ дэтхэнэ зыми творческэ ехъулIэныгъэ, узыншагъэ иIэну, хъыбарыфIхэр лэжьыгъэм щефIэкIыу щытыну, ди къуэш Адыгейм мамырыгъэрэ ефIэкIуэныгъэрэ иIэну.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ.
2018 гъэм гъатхэпэм и 22-м.

«Адыгэ макъым» и юбилейр зэрагъэлъэпIам теухуа тхыгъэр ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Газетым и электрон пощтыр - adyghe@mail.ru.

«Адыгэ псалъэ» газетыр къыдокI гъубж, махуэку, щэбэт махуэхэм

Интернетым щиIэ сайтыр - adyghepsale.ru.

● Япэ итахэр

ЩIэм и лъыхъуакIуэ нэст

Естественнэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэхэмрэ гъуазджэхэмкIэ Петровскэ академием я академик, УФ-м, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Къумахуэ Башир Iэбубэчыр и къуэр лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа ди лъахэгъухэм ящыщщ. А профессор цIэрыIуэращ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор япэу ди республикэм щыхъуауэ щытари. ЩIэныгъэлI щэджащэр псэужамэ, мы мазэм илъэс 95-рэ ирикъунут.

ЦIЫХУМ игъуэт зыужьыныгъэр, и дуней еплъыкIэр, Iуэху зехьэкIэр зыкъомкIэ елъытащ ар къызыхэкIа унагъуэм. Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм щыпсэу Къумахуэхэ Iэбубэчыррэ Куэзэрэ яухуа унагъуэр нэмысрэ хабзэрэ зэрылът, нэхъыжьым пщIэ, нэхъыщIэм гъуэгу щагъуэтт. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ яку дэлъу ягъасэрт абыхэм я бынихыр: щIалиплIымрэ хъыджэбзитIымрэ. Еджэныр Къумахуэхэ я унагъуэм щIыпIэ хэха щызыубыд, пщIэ щызиIэ Iуэхугъуэт. КъащIэхъуэ сабийхэм зэрахуэхъуапсэхэр зрагъэхъулIэным хунэмысу, Хэку зауэшхуэм кIуащ Iэбубэчыр икIи абы хэкIуэдащ. А гуауэшхуэм нэгъуэщIи къыкIэлъыкIуащ. Зауэр зэриухрэ куэд дэмыкIауэ, Куэзэ и къуэхэм ящыщ МуIэед зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ. Быныр и закъуэу къигъэтэджын, игъэсэн, иригъэджэн хуейуэ гъащIэм къалэн зыщищIа анэм дежкIэ ари удын хьэлъэт.

«Гугъэ здэщыIэм гъащIи щыIэщ», - жиIащ псалъэжьым. И щхьэгъусэр зауэм щыдэкIым къыжриIауэ щыта псалъэхэм гъащIэм къыхуигъэушыжащ Куэзэ. Абы и тхьэкIумэм дапщэщи итт а псалъэхэр: «СыздэкIуэр зауэщ, псэзэпылъхьэпIэщ. КъэзмыгъэзэжынкIэ хъунущ... Сабийхэм яхуэсакъ, хъумэ. Iэмал гуэр бгъуэтыххэмэ, егъаджэ». Iэбубэчыр и уэсятыр игъэзэщIащ Куэзэ.

Сабийхэм я пажэ Башир 1923 гъэм и мазае мазэм къалъхуащ. Зауэм и пэ къиухуэу щIалэм къиухат Налшык дэт политпросветтехникумыр. Лэжьыгъэ IэнатIэ тэмэм игъуэтыным хунэмысу, Хэку зауэшхуэр къэхъейри, и ныбжьыр илъэс 18 фIэкIа мыхъуауэ ари фронтым кIуат, ауэ и насып къикIри, 1947 гъэм Iэпсэу-лъэпсэууэ къигъэзэжащ, еджащ. Башир къыкIэлъыкIуэ и анэкъилъхухэми: и къуэшхэу Мухьэдин, Мурадин, и шыпхъухэу Тосэрэ Анусэрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэтащ Куэзэ. Тбилиси дэт къэрал университетыр ехъулIэныгъэкIэ къэзыуха Мухьэдин еджэным Москва щыпищащ. Ар щIэтIысхьащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием БзэщIэныгъэхэмкIэ и институтым и аспирантурэм. Кандидат, доктор диссертацэхэр пхигъэкIащ, академик цIэрыIуэ къищIыкIауэ щытащ. Мурадин МКъУ-м ядернэ физикэмкIэ и факультетыр къиухащ, щIэныгъэхэм я докторщ. Дунейпсо цIэрыIуагъ Мурадин къыхуихьащ «Къумахуэм и эффект» цIэр щIэныгъэ дунейм щызыгъуэта и къэхутэныгъэм. Абы щхьэкIэ ар тIэунейрэ ягъэлъэгъуауэ щытащ Нобель и цIэкIэ щыIэ дунейпсо саугъэтыр къратыну. Мурадин и унафэщIу щытащ Рентген оптикэмкIэ Москва дэт институтым. Зэшыпхъухэу Тоси Ануси КъБКъУ-р къаухащ. Тосэ биологиемкIэ кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIауэ щытащ. Анусэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ илъэс куэдкIэ щригъэджащ я къуажэм дэт курыт школым.

Зи сабиигъуэр властыщIэр щIыпIэм щыщагъэув лъэхъэнэм, зи щIалэгъуэр Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм ирихьэлIа Башир щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным къыдэкIуэу, нэгъуэщI къалэн куэди и пщэ къыдэхуат. Зи адэр зыщхьэщымытыж унагъуэшхуэм анэм щIыгъуу ари я тегъэщIапIэт, ахэр зыхуей хуэгъэзэнымкIи абы лъэкI къигъэнакъым. Бын нэхъыщIэхэр пIынымкIэ, лъэ быдэкIэ гъащIэм хэгъэувэнымкIэ Куэзэ хузэфIэкIам Башир и фIыгъэшхуи хэлът. ЩIалэ нэхъыжьыр здынэс щIэныгъэ лъагапIэхэм, дауи, псом нэхърэ нэхъ щыгуфIыкIыр анэрат.

Зауэ нэужьым Башир къиухащ Краснодар дэт щIыналъэ парт школыр. КъыкIэлъыкIуэу и зэфIэкIым щыхигъэхъуащ КПСС-м и ЦК-м епхауэ лажьэу щыта Парт школ нэхъыщхьэм. Къэрал, парт IэнатIэхэм пэрытащ, журналистикэми жыджэру хэлэжьыхьащ, экономикэ унэтIыныгъэ зиIэ нэтынхэр телевиденэм щигъэхьэзыру. Абы и зэфIэкIхэм къыхуахьа лъагапIэхэм ящыщщ КъБКъУ-м и егъэджакIуэ нэхъыжьу щIидзэу экономикэмкIэ кафедрэм и унафэщI, университетым и учетно-экономикэ факультетым и декан къулыкъухэм зэрынэсыфар. Мэкъумэш щIэныгъэм зиужьу, ди республикэм КъБКъМА еджапIэ нэхъыщхьэр къызэрыщызэIуахами и лэжьыгъэшхуэ хэлъщ Къумахуэм. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет хъуа а еджапIэр лъэ быдэкIэ увын, езым хуэдэ IэнатIэхэм ефIэкIыу лэжьэн папщIэ, Башир лъэкI къигъэнакъым. Илъэс 20-кIэ ар щытащ экономикэмкIэ кафедрэм и унафэщIу.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм зэрыпэрыта зэман кIыхьым къриубыдэу абы и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 150-м щIигъу, монографие щхьэхуэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр зэрырагъэджэн тхылъхэри хэту. Къумахуэм и къэхутэныгъэхэр гъащIэрефIэкIуэным хуэгъэпсат. Ахэр ди щIыпIэм шэщIауэ къызэрыщагъэсэбэпам экономикэ и лъэныкъуэкIэ фейдэшхуэ къахуихьащ мэкъумэш IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм. ЩIэм и лъыхъуакIуэу щыта Къумахуэ Башир итха дэтхэнэ щIэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэми, щатха зэманым емылъытауэ, ноби мыхьэнэшхуэ иIэщ.

ЩIэныгъэлIым и унафэм щIэту къэхутэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIащ цIыху 20-м щIигъум. Абы иригъэджахэм къахэкIащ щIэныгъэхэм я кандидатхэр, докторхэр, къэрал IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр.

Къумахуэр апхуэдэу жыджэру хэтащ республикэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэми. Ар и пашэт Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэу мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэм щыIэм, хэтт абы и методикэ советым, экономикэмкIэ кандидат диссертацэхэр щыпхагъэкI и IэнатIэм.

ЩIыналъэм и экономикэ зыужьыныгъэм зи гъащIэр хуэзыгъэпса хэкулI Къумахуэ Башир Iэбубэчыр и къуэр 2006 гъэм дунейм ехыжащ. Сыт хуэдэ лъэхъэни абы и щIыбагъ къыдэтащ и унагъуэ дахэр: и щхьэгъусэ Хьэнифэрэ и бынхэмрэ. Я нэхъыжьыфIым, адэ щыпкъэм, адэшхуэ IэфIым и щапхъэм тету, ар я гъуэгугъэлъагъуэу мэпсэу Башир къыщIэхъуэ щIэблэр. Республикэри щалъхуа къуажэри зэрыгушхуэщ Къумахуэ зэшхэм я гъащIэ купщIафIэр. Абыхэм зэрахьа лIыгъэр зэманым фагъуэ дэхъунукъым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Лъэпкъ Iуэху

АдыгэбзэкIэ къыдэкI газетхэм я лъагъуэхэш

Адыгэ Республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI «Адыгэ макъ» газетыр дунейм къызэрытехьэрэ илъэс 95-рэ зэрырикъур мы гъэм егъэлъапIэ. Ди бзэкIэ газет къыдэгъэкIыным а зэманым иужь ихьа, а гупсысэр зигу къэкIа цIыхухэм, дауи, фIыщIэ яхуэфащэщ. Нобэ газетыр зэхэгъэувэным, къыдэгъэкIыным гугъуехьу пылъым щыгъуазэхэм фIыуэ къагуроIуэ илъэсипщI бжыгъэкIэ узэIэбэкIмэ, адыгэ журналистикэм и лъагъуэр хэзышахэм зэфIагъэкIа Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

1923 ГЪЭМ гъатхэпэм и 8-м къыдэкIауэ щытащ хьэрып алыфбейкIэ тха «Адыгэ макъ» япэ адыгэ газетыр. Зи бжыгъэкIэ 500 хъууэ къыдэкIа япэ номерыр зыIэрыхьа цIыхухэри, зэрыхьа унагъуэхэри хуабжьу щыгуфIыкIащ абы - ди бзэкIэ тха газетым и гъуэгу зэIуха хъуат. Абы щыгъуэм цIыхухэм яхуэгъэза джэпсалъэу Хьэхъурэт Шыхьанджэрий итхыгъат: «ШэрджэсыбзэкIэ тха газетым и япэ номерыр къыдэкIащ, етIуанэ номерыр ягъэхьэзыр. Газетыр гъэхьэзырыным цIыхубэр хэлэжьыхьын хуейщ, ар псоми ялъэгъэIэсыныр щIыпIэ органхэм я пщэрылъщ. ЛъэпкъыбзэкIэ газет къызэрыдагъэкIыр игъуэу къызэрилъытэм къыхэкIыу, хэку исполкомым унафэ ещI газетыр къызэрыдэкIым и хъыбарыр цIыхухэм зэхегъэхын, гуныкъуэгъуэу яIэр газетым къатхын, цIыхухэми IуэхущIапIэхэми Iэ традзэн, газетыр мазэм тIэу къыдэгъэкIын зэрыхуейм теухуауэ».

ДэфтэрхэмкъызэрыщыгъэлъэгъуэжамкIи, япэ лъэпкъ газетым и къыдэгъэкIыным елэжьахэм я гукъэкIыжу ди деж къэсахэм къызэрыхэщымкIи, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, журналист, публицист цIэрыIуэу щыта ХъуакIуэ Заур зэритхыжамкIи, гугъуехь мащIэкъым пылъар мы Iуэхур къызэрагъэпэщыным.

Япэ газетыр зыгъэхьэзырауэ щытар а лъэхъэнэм тхэным зезыпщыта, иужькIэ тхакIуэ цIэрыIуэ хъуа, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща КIэрашэ Темботт. Абы итхыжащ: «Краснодар дэт политехникэ институтым сыщеджэт а лъэхъэнэм, абы щыгъуэщ «Интернационал»-р щызэздзэкIауэ щытари. Ар къызэращIэу хэку исполко-мым сашащ, Хьэхъурэт Шыхьанджэрийрэ Цуамыкъуэ Хьисэрэ «Интернационал»-р зэрызэздзэкIар ягу ирихьати, апхуэдэу адыгэбзэкIэ тхыгъэхэр зытетын газет къыдэгъэкIын зэрыхуеймкIэ дызэгурыIуащ, икIи абдежым щыдубзыхуащ «Адыгэ макъ» цIэр фIэщын зэрыхуейр. Хьэрып хьэрфкIэ абы къытеддзэнухэр стхын хуейуэ пщэрылъ къысхуащIати, ар зэфIэзгъэкIа нэужь, къалэ литографием щытредгъэдзэну дызэгурыIуащ икIи абы япэ экземпляр 500 къыщыдэкIащ!»

Апхуэдэу гъуэгу кIыхь техьащ цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуа лъэпкъ газетыр. Абы и япэ номерым КIэрашэ Тембот зэридзэкIа «Интернационал»-р къызэрытрадзар щIэджыкIакIуэхэм гуапэ лей ящыхъуат.

Япэ «Адыгэ макъыр» нэкIубгъуиплI хъууэ къыдэкIащ. ИужькIэ, 1923 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м, цIыхухэм яIэрыхьащ. Ди бзэкIэ узэреджэфыр, узэрытхэфыр, къэралым щекIуэкI Iуэхухэм зыщыбгъэгъуэзэну Iэмал къуэзэритыр наIуэ ящищIащ цIыхухэм.

ИтIанэ апхуэдэ къежьапIэ зыгъуэта Iуэхушхуэр адэкIи зыгъэкIуэтэн мымащIэу къыхэкIащ лъэпкъым. Зи нэ къэзыгъэплъагъащIэ сабийм илъагъур зэрыфIэмащIэм хуэдэу, лъэкIэ теувэ газетым къыхуеплъэкIхэм я бжыгъэм хэхъуэу хуежьащ. Абы и цIэр щахъуэжа къэхъуами, зыхуэлажьэ, лъэпкъым хуищIэ Iуэхум зэи хэщIакъым.

1926 гъэм мазаем и 3-м къыдэкIа номерым «Адыгейская жизнь» цIэр иIащ. Ари нэкIубгъуиплI хъурт, япэмрэ етIуанэмрэ - урысыбзэкIэ, ещанэмрэ еплIанэмрэ - адыгэбзэкIэ тхыгъэхэр тедзат. 1929 гъэм лъэпкъ газетым и цIэр аргуэру яхъуэж - «Гъубжэрэ уадэрэ». Ар тхьэмахуэм щэ къыдэкIыу зэтраублат. Абы и ужькIэ, 1931 гъэм гъатхэпэм и 1-м, адыгэ газетыр «Колхоз бэракъ» фIэщыгъэр иIэу дунейм къытехьащ. Абы и тиражыр 7880-м нэсырт. ИтIанэ «Социалистическэ Адыгей» цIэр иIэу газетыр илъэс 63-кIэ къыдэкIащ.

«Адыгэ макъым» и илъэс 95-р щигъэлъапIэм ирихьэлIэу, ар зэфIэувэн папщIэ зи гуащIэ хэзылъхьа куэдым я цIэ къиIуапхъэщ. Хэку зауэшхуэм и пэ, и ужь илъэсхэм абы щылэжьа журналистхэм я цIэхэр куэдым ящIэ. А зэман жыжьэм газетым щылэжьахэр акъыл жан зиIэ, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхухэт. Куэдым я мурадрэ лэжьыгъэрэ къызэпиудащ Хэку зауэшхуэм. Къалэмыр зыгъэтIылъу Iэщэр къэзыщта журналист мин бжыгъэхэм яхэтащ лъэпкъ газетым и лэжьакIуэхэри. Журналист 14 зауэм и мафIэм Iухьэри, хэкум, лъэпкъым я пащхьэ щаIэ пщэрылъыр ягъэзэщIащ.

Лъэпкъми газетми сыт хуэдиз щытхъу къахуихьа адыгэ газетым щылэжьа усакIуэ ныбжьыщIэ Андырхъуей Хъусен. Илъэс тIощIым иту арат ар, усэ купщIафIэ куэд къызыпыкIыну къалэмыр Iэщэк Iэ щихъуэжам. ЛIыгъэшхуэ щызэрихьащ Хъусен Хэку зауэшхуэм икIи Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ адыгэм къыхэкIа цIыху цIэрыIуэ куэдым «Адыгэ макъ» газетыр «кIыщ» зэрахуэхъуар. Илъэс зэхуэмыдэхэм газетым щылэжьащ тхакIуэ цIэрыIуэхэу КIэрашэ Тембот, Хьэткъуэ Ахьмэд, Пэрэныкъуэ Мурат, МэшбащIэ Исхьэкъ, Къуиикъуэ Налбий, Багъ Нурбий, Нэхей Руслан, Хъурмэ Хъусен (ноби щолажьэ). Апхуэдэуи газетым и лэжьакIуэу щIэныгъэм и гъуэгур хэзышар мащIэкъым, щIэныгъэхэм я кандидат, доктор, профессор, академик хъуа куэдым я къежьапIэр «Адыгэ макъращ». Газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ Хьэткъуэ Ахьмэд, Андырхъуей Жантемыр, Лъэбыщэ Хьэзиз, Барцо Хьэрун, Шэртэн Хьэмед, Мерэтыкъуэ Рэмэзан, ХьэщIэмыз Биболэт, Къуиикъуэ Асфар, Бэгъущэ Азэмэт, ПIэтIокъуэ Аслъэн, Дербэ Тимур сымэ.

1991 гъэм щIышылэ мазэм и 1-м газетым «Адыгэ макъ» фIащыжащ. Нобэрей лъэпкъ газетыр экземпляр мини 5 хъууэ тхьэмахуэм тхуэ къыдокI. ЦIыху 40 щолажьэри, я газетыр махуэ къэс нэхъ гъэщIэгъуэн, щIэджыкIакIуэхэр арэзы зэращIыным иужь итщ. Езыхэр зы унагъуэ хуэдэу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдолажьэ. «Адыгэ макъым» и сайтым бзиплIкIэ укъыщеджэ мэхъу тхыгъэхэм, 2015 гъэ лъандэрэ Фейсбукымрэ Инстаграмымрэ напэкIуэцIхэр щаIэщи, хъыбарыщIэхэр къралъхьэ зэпытщ. А псори нобэ зи унафэ щIэтыр адыгэ Iуэхумрэ адыгэбзэмрэ зи псэр хуэкъабзэ, журналистикэми усыгъэми фIыуэ хэзагъэ, илъэсипщIым щIигъуауэ редактор нэхъыщхьэ, АР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист Дербэ Тимурщ.

Газетыр зэманыр къызэрыщ гъуджэщ. Адыгэ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэр, абы и гурыгъуи и гуфIэгъуи тетащ «Адыгэ макъым». Лъэпкъ щэнхабзэр хъумэнымкIэ, лъэпкъыбзэм зегъэужьынымкIэ, адыгэ литературэр зэфIэувэнымкIэ, адыгагъэр къэIэтыжынымкIэ, ахэр ди нобэрей псэукIэм быдэу хэпщэнымкIэ мыхьэнэшхуэ егъэзащIэ лъэпкъ газетым. «Адыгэ макъым» блэкIа зэман жыжьэм зэфIигъэкIахэмрэ нобэ илэжьхэмрэ уасэ яхуэщIыгъуейщ. ЦIыхухэр дахагъэм, захуагъэм, гущIэгъум хуэущиинымкIэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIауэ республикэм исхэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъэрэ зэкъуэшыгъэрэ дэлъыным, хэкум мамырыгъэ илъыным газетыр сыт щыгъуи хуолажьэ икIи хуэлэжьэнущ лъэпкъыр щыIэху.

Гъуэгуанэ кIыхь къикIуащ газетым ди анэдэлъхубзэр, хабзэр, тхыдэр, щэнхабзэр хъумэным, цIыхухэм хъыбарыщIэхэр ялъэгъэIэсыным телажьэу. Ноби зэманым къытхуихь зэхъуэкIыныгъэщIэхэр и лэжьыгъэм шэрыуэу къыщигъэсэбэпу мэлажьэ, и къалэн нэхъыщхьэхэр къызыхуэтыншэу егъэзащIэ.

КъБР-м къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэхэм къабгъэдэкIыу лъэпкъ газетхэм я лъагъуэхэш хъуа «Адыгэ макъым» и унафэщIхэм, щылажьэхэм сохъуэхъу лъэпкъыр щыIэху газетри щыIэну. «ДызэкъуэтмэДылъэщщ», «Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури» къыхуеджэныгъэхэм щIэту дызэдолажьэри, тхьэм лъэпкъым ифI зыхэлъ Iуэху щхьэпэ куэд къыдигъэхъулIэ!

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.

ГъэпцIакIуэхэм защыфхъумэ

КъБР-м щыIэ МВД-м иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэр зытеухуар цIыхухэр гъэпцIакIуэхэм ящыхъумэныртъ.

РЕСПУБЛИКЭ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и управленэм и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и подполковник Лавренович Рашид журналистхэм гу лъаригъэтащ ахъшэ къыIэщIагъэкIыным теухуа Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ, гъэпцIакIуэхэм я лей зытехьэ цIыхухэм я бжыгъэр республикэм нэхъыбэ зэрыщыхъуам. БзаджащIэхэм жып телефонхэр, Интернетыр, нэгъуэщI Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ цIыхухэр къагъапцIэ.

Лавренович Рашид зэрыжиIамкIэ, щIэпхъаджащIэхэм ящIэ нэхъ къэгъэпцIэгъуафIэр - ар зи ныбжь хэкIуэтахэрщ. Ауэ къыщыхъу щыIэщ Iуэхутхьэбзэ зэфIэзых, хьэпшып къэзыщэхуам Iэрыгъэхьэныр зи къалэн фирмэхэм я лэжьакIуэхэри щапэщIэхуэ.

Къэдгъэлъэгъуа Iуэхум хэхуа цIыхур мыгужьейуэ икIи мышынэу щIэупщIэн хуейщ къэхъуам, мыхъумыщIагъэ гуэрым хэхуауэ жыхуаIэ и Iыхьлым телефонкIэ епсэлъэн хуейщ, щIэпхъаджащIэхэм къыжраIэр игъэзэщIэным емыпIэщIэкIыу.

Полицэм и подполковникым зэрыжиIащи, урысей банк IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр картэм и паролым щIэупщIэнукъым, банк-картэхэм ехьэлIа Iуэху телефонкIэ зэфIахынукъым. Апхуэдэ къэхъумэ, зэгъэтIылъэкI имыIэу банкым зыхуэгъэзапхъэщ.

- ФымыщIыхухэм картэхэмрэ банк счётхэмрэ яжефIэ, ахъшэ яхуевгъэхь хъунукъым, Iэмал имыIэу зэгъэщIэн хуейщ хъыбар къыфIэрыхъар, - къыхигъэщащ министерствэм и лэжьакIуэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Хабзэншагъэ

КъеIыпхкIэ зэфIэкIыркъым

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэм Iэ тридзащ ди щIыналъэм щыпсэу цIыхур УФ-м республикэм щиIэ МВД-м и следствэ къудамэм зэхигъэкIа уголовнэ IуэхумкIэ зэрагъэкъуаншэ тхылъым. Ар УФ-м и УК-м и 176-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ жэуапым ирашалIэ.

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ къызэралъытэмкIэ, мардэ зэщхьэщыгъэхукIа зиIэ «Лидер» обществэм и унафэщIым 2011 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыщыщIэдзауэ гъатхэпэм и 29-р къэсыху банкхэм ящыщ зым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм иритащ езыр зи унафэщI IуэхущIапIэм мылъкукIэ бгъэдэлъ зэфIэкIыр пцIыуэ къыщыгъэлъэгъуа хъыбархэр зэрыт тхылъхэр. Ахэр я лъабжьэу зэращIылIа финанс зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ сом мелуан 40 кредиту кърэтащ.

АрщхьэкIэ бзаджащIэм игъэзэщIакъым, банкым и пащхьэм щызыхуигъэувыжа къалэнхэр икIи щIыхуэр ипшыныжакъым.

ЩхьэщимытыкIыу къэна процентхэри, Iуэхутхьэбзэ къызэрыхуащIэм пэкIуэ ахъшэри хэту ягъэкъуаншэм и зэранкIэ банкым хэщIыныгъэу сом мелуан 63,8-рэ игъуэтащ.

Iуэхур Аруан район судым хуагъэхьащ хэплъэн папщIэ.

КъБР-м и прокуратурэ.

Псыр фIыгъуэ мылъытэщ

● Ди махуэгъэпс

Иужьрей лъэхъэнэм ЩIы Хъурейм и щIыпIэ куэдым хуабжьу щытопсэлъыхь дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэн, абы хуэсакъын зэрыхуейм. Абы теухуауэ махуэшхуэ зыбжанэ ягъэуващ. ООН-м и Ассамблее нэхъыщхьэм 1993 гъэм мазаем и 22-м щекIуэкIа и зэхыхьэм гъатхэпэм и 22-р Псым и дунейпсо махуэу щыхагъэунэхукIащ.

ПСЫР псэхэлъхьэжу зэрыщытым дэтхэнэ зыри дыщыгъуазэщ. АрщхьэкIэ, а къэщIыгъэ телъыджэм хуэфащэ гулъытэ хуэтщIыфу пIэрэ? Дэ языныкъуэхэм деж дегупсысыххэркъым а ткIуаткIуэ телъыджэм ди гъащIэм щиIыгъ увыпIэр зыхуэдизым. Ди планетэр абы щымыщIэу къэтщыкъыныкъым, абы щыщу узэфэ хъунур щIыналъэ куэдым щымащIэщ, цIыху меларди 2,5-м щIигъум зэрызагъэкъабзэ псыр дагъуэншэкъым. Ди планетэм гъащIэр щызэтезыIыгъэ а ткIуаткIуэ гъуэзэджэр ирикъуу къызыIэрыхьэхэри дегупсысыпхъэщ ар зэгъэзэхуауэ къэдгъэсэбэпын зэрыхуейм.

АтIэ сыт мы махуэр зыхуэгъэзар? ЩIыуэпсым ехьэлIа адрейхэми хуэдэу, зэгъэщIылIар мы IэнатIэм щыщыIэ къалэн ткIийхэр зэфIэгъэкIын зэрыхуейм жылагъуэм гу лъегъэтэнырщ. Мыбдеж зыщиплъэфыхьрэ зэман дэбгъэкIмэ, дунейпсо цIыхубэр гузэвэгъуэшхуэ хэхуэнкIэ хъунущ. Ауэ щыхъукIи, щIыуэпсыр хъумэныр, егъэфIэкIуэныр къэрал псо-ми я унафэщIхэм, абыхэм щыпсэу цIыхухэм я зэхуэдэ къалэнщ. Аращ зыхуэгъэзар Псым и махуэу нобэ дгъэлъапIэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Къэбэрдей тхыбзэр къегъэщтэн IуэхукIэ

Псоми зэращIэщи, Кавказым щыщ бгырысхэм зэи езыхэм я тхыбзэ яIэу щытакъым. Муслъымэн диныр къызэращтэрэ, дин лэжьыгъэхэр зэрызэфIахри, куэд дыдэ мыхъу дэфтэр тхылъхэм къыщагъэщхьэпэри хьэрыпыбзэрщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къэбэрдей адыгэхэм диным къыдэкIуэу хьэрыпыбзэ бзэмыIумкIэ тхэкIэ зрагъэщIащ, нэхъыбэу ар зи фIыгъэр муслъымэным къурIэныбзэ ищIэн зэрыхуейм зыми шэч къызэрытримыхьэрщ. Сабий псоми, хъыджэбз цIыкIухэри яхэту, хьэрыпыбзэкIэ тхэкIэ-еджэкIэ зрагъащIэ. Ауэ пасэрей Iэмал гугъукIэ къызэрыбгъэдалъхьэм къыхэкIыу, ар зэбгъэщIэным илъэс зыбжанэрэ къаруушхуэрэ токIуадэ. Абы къару лейуэ ихьыр зыхуэдизыр къыбгурыIуэн папщIэ сохъустэхэм, илъэсипщIыкIэ еджа нэужьи, хуиту тхэуэ икIи еджэу зэрызрамыгъэсэфыр щапхъэу урикъунщ, зэджэр къагурыIуэу тхыгъэр зэрадзэкIыфыным и гугъу умыщIыххэ. Абы къыхэкIыу, нэгъэсауэ хьэрыпыбзэ зэзыгъэщIэфыр ар зи къалэну щыт молэ закъуэтIакъуэхэрщ. Адрейхэр - хъулъхугъи бзылъхугъи зэхэту - КъурIэным къызэреджэф къудейм зэрыщхьэдэхышхуэ щыIэкъым. ПщыуэркъхэмI гугъу зыщIрагъэхьын щымыIэу ялъытэри, ямыщIэнкIэ Iэмал зимыIэ нэмэзыбзэ тIэкIу зэраIурылъымкIэ Iуэхур зэфIагъэкI. Апхуэдэ щIыкIэу псори зыщыгъуазэ хьэрыпыбзэм, хъу-мыхъуми, цIыхубэр тхэн-еджэн IуэхукIэ зыхуей-зыхуэфIхэм зэрылъигъэIэсым щхьэкIэ, анэдэлъхубзэкIэ тхэн-еджэныр Iэмалыншэу къалъытэркъым.

Адыгэхэр урысхэм нэIуасэ яхуэхъуу щIэныгъэм фIыуэ хэлъыр ялъагъуну Iэмал зэрагъуэтрэ, хьэрыпыбзэм цIыхубэр зыхуей псоми зэрылъимыгъэIэсыфми, куэдым зэрамыщIэм къыхэкIыу ар щIэныгъэм ухуэзышэ Iэмал нэхъыфI дыдэу зэрыщымытми гу лъызытэ нэрыбгэ гуэрхэр къыкъуэкIащ. Псалъэм папщIэ, плIыщI гъэхэм япэ дыдэу ягу къэкIащ адыгэ тхыбзэ къызэбгъэпэщын папщIэ лъэпкъыр зэребгъэджэн Iэмалхэм я нэхъыфIыр анэдэлъхубзэрауэ зэрыщытыр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъэпкъым анэдэлъхубзэкIэ фIэкIа щIэныгъэ къыпхуегъэщтэнукъым.

Сытми, еджэныгъэм фIыуэ хэлъ Iуэхум кууэ и гугъу дымыщIу, къэбэрдейхэм езыхэм я бзэкIэ тхэкIэ-еджэкIэ ирагъэщIэжу щытамэ, абы, шэч хэмылъу, Iуэхур нэхъ тынш зэрищIынум дытепсэлъыхьынщ...

Иджы къэбэрдеибзэ алыфбейуэ щыIэхэмрэ цIыхухэр абыхэм нэIуасэ хуащIын папщIэ къагъэщхьэпа Iэмалхэмрэ зэ дахэвгъэплъэж. КъинэмыщIауэ, и гугъу тщIынщ адыгэхэм тхэкIэ-еджэкIэ ирагъэщIэн папщIэ генерал-майор Услар зэхилъхьа алыфбейми, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а алыфбейр лъэпкъым зригъэцIыхуакIэщ икIи администрацэм къабыл зэрищIым и фIыгъэкIэ абы нэхъ зиубгъуныфэщ.

ЗэрыжаIэмкIэ, «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр» зытха Нэгумэ Шори плIыщI гъэхэм адыгэ грамматикэм елэжьащ, ауэ абы алыфбей щхьэхуэ гуэр зэхилъхьарэ урыс хьэрф къигъэщхьэпарэ тщIэркъым. Абы къыхэкIыу адыгэбзэ (шэрджэсыбзэ) псоми езэгъын алыфбей зэхэлъхьэн IуэхукIэ япэ лIыгъэр зезыхьар Ставрополь губернием дэт гимназием адыгэбзэ щезыгъэджу щыта абэзэхэ Бырсей Умарщ.

Зиусхьэн Бырсейм и алыфбейр хьэрып хьэрфхэмкIэ зэхэгъэуващ, хьэрыпыбзэм хэмыт адыгэ макъхэр къигъэлъэгъуэн папщIэ тIэкIу ихъуэжауэ. ФIыуэ зэлэжьа алыфбейщ ар, дэбгъуэн щымыIэу бзэр зыхуэныкъуэ псоми лъэIэсу. Бырсейр алыфбей къудейрэ грамматикэ тIэкIурэ зэхилъхьэу къэувыIэжакъым. Ар бзэ щIэныгъэми елэжьащ, зэфIигъэкIахэми пщIэ яхуэфащэщ.

Шэч закъуи хэлъкъым Бырсейм и алыфбейм, щIэгъэкъуэн тIэкIу игъуэтатэмэ, псынщIэ дыдэу лъэпкъым зыщиубгъуфын хуэдэу зэрыщытам, ищхьэкIэ зэрыжытIащи, ар, хъу-мыхъуми, цIыхубэм нэхъыфIу яцIыху хьэрып алыфбейм къызэрытещIыкIам къыхэкIыу...

Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, езы Бырсейми абы и гъэсэн бгырыс еджакIуэхэми тхыбзэр бэм зэрыхапщэн Iэмал яIэххакъым. Уеблэмэ и алыфбейм щIэупщIэхэм ялъигъэIэсыфын хуэдэу, Бырсейм еджакIуэхэм папщIэ тхылъу зыхуэныкъуэм хуэдиз къыхудэгъэкIакъым.

Ставрополь гимназием щрагъэдж щIэныгъэ къудамэхэм я зэхуакум адыгэбзэм щиубыду щыта увыпIэм тепщIыхьмэ, Бырсейм адыгэбзэр езыгъэдж егъэджакIуэм и пщэ къыдэхуэ псори игъэзэщIащ, и еджакIуэхэм я нэхъыбэр урысу зэрыщытари, Франджым щеджа езы зиусхьэн Бырсейм урысыбзэр фIыуэ ищIэу зэрыщымытари Iуэхум хэту. Урыс еджакIуэхэм адыгэбзэ зэрызрагъэщIэшхуэ щымыIэу, а къащIа тIэкIури гимназием зэрыщIэкIыжу я щхьэм ирагъэхужу щытами (ар къызыщыщIыр адыгэбзэм и закъуэтэкъым), адыгэ еджакIуэхэм нобэми, хуэныкъуэ хъуху, абы зэригъэпэща тхыбзэр къагъэщхьэпэ. 1850 гъэм Ставрополь гимназием яджын щыщIадза адыгэбзэр а зэманым Кавказ лIыкIуэу щыта Воронцовджыназым КъухьэпIэ Кавказым папщIэ тэрмэшхэр игъэхьэзырын щхьэкIэ иригъэджу ара къыщIэкIынти, ар ипэм ямыджыну зыхуимыт щIэныгъэ къудамэу щытащ, иужькIэ къэзакъхэмрэ къалэдэс сабийхэмрэ фIэкIа ирамыгъэджыж хъуащ, икIэм-икIэжым гимназием щадж бзэхэм хагъэкIыжыпащ. Ставрополь иужь иту а бзэр джын щыщIадзауэ щыта Ейск дэт гимназиеми ардыдэр къыщыхъуащ. А зэманым щегъэжьауэ, дэ дызэрыщыгъуазэмкIэ, зыри иужь итакъым Бырсей Умар зэригъэпэща адыгэ (шэрджэс) тхыбзэм лъэпкъым зыщригъэужьыну, ауэ шэч хэлъкъым Iэмал къызэрыкъуэкIыу ар аргуэру, Къэбэрдейр армырами, нэгъуэщIыпIэ къызэрыщыунэхужынум.

ХЬЭТIОХЪУЩОКЪУЭ Къазий.
1870 гъэ, «Тэрч хъыбархэр», №18 (пычыгъуэ).

Адыгэ хэкум тхыбзэм зыщиужьын зэрыхуей щIыкIэм теухуауэ ХьэтIохъущокъуэ Къазийрэ Макаров Тимофейрэ зэрызэдэуар

АдыгэбзэкI**э тхэк**I**э-еджэк**I**э зыщ**I**э дэтхэнэ зыми мызэ-мыт**I**эу зэхихагъэнщ адыгэ тхыбзэм зригъэужьын папщ**I**э л**I**ыгъэ мымащ**I**э зезыхьа узэщ**I**ак**I**уэ ц**I**эры**I**уэ Хьэт**I**охъущокъуэ Къазий и ц**I**эр. Къызэрыщ**I**эк**I**ымк**I**э, Хьэт**I**охъущокъуэр ф**I**ыуэ зыц**I**ыхур ди закъуэкъым. Осетие Ищхъэрэм щы**I**э, Ц**I**ыхумрэ ц**I**ыхубэмрэ епха к**I**элъыплъыныгъэхэмк**I**э институтым (СОИГСИ) и лэжьак**I**уэхэу Бекоевэ Татьянэрэ Кудзаевэ Аксанэрэ тхыгъэ гъэщ**I**эгъуэн я **I**эдакъэ 2014 гъэм къыщ**I**эк**I**ащ «Хьэт**I**охъущокъуэ Къазийрэ Макаров Тимофейрэ Къэбэрдейм тхыбзэм зыщиужьын зэрыхуей щ**I**ык**I**эм теухуауэ зэрызэдэуар» тхыгъэр. Осетин щ**I**эныгъэрылажьэхэм я **I**эдакъэщ**I**эк**I**ымрэ абыхэм зи гугъу ящ**I** зэдауэм щхьэусыгъуэ хуэхъуа, Хьэт**I**охъущокъуэ Къазий и тхыгъэмрэ къыхэха пычыгъуэхэр нобэ фи пащхьэ идолъхьэ.**

ХЬЭТIОХЪУЩОКЪУЭР егъэджэныгъэм пыщIауэ щыщыта илъэсхэр IыхьитIу пхуэгуэшынущ. Япэ Iыхьэм - 1858 - 1864 гъэхэм - узэщIакIуэм къэбэрдеибзэм и алыфбей зэхилъхьащ, бгырысхэм папщIэ тхылъхэр зэридзэкIащ, «Къэбэрдей алыфбейр» Тифлис щытрырагъэдзащ. 1865 гъэм зыщIидза етIуанэ Iыхьэм ХьэтIохъущокъуэм Налшык егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр курсхэр къыщызэIуех, тхыгъэхэм йолэжь: «Къэбэрдей тхыбзэр къегъэщтэн IуэхукIэ», «Макаровым хуэгъэза жэуап», нэгъуэщIхэри; адыгэбзэкIэ «Пщы Бэдынокъуэ», «Ашэмэз» жыхуиIэ хъыбархэр къеIуэтэж.

ХьэтIохъущокъуэ Къазий «Къэбэрдейм тхыбзэр къыщегъэщтэн IуэхукIэ» зыфIища тхыгъэр «Тэрч хъыбархэр» («Терские ведомости») газетым и 17-нэ номерым къытехуа нэужь, абы къыкIэлъыкIуат псалъащхьэ зимыIэххэ, Макаров Тимофей и пэджэжыр. Макаровыр зауэлI ныбжьыщIэхэм я батальону Бытырбыху дэтым и егъэджакIуэт, Кавказым илъэс зыбжанэкIэ тэрмэшу щылэжьауэ, иужькIэ Новочеркасск дэт гимназием тэтэрыбзэ щригъэджат. Бытырбыху дэт университетыр 1844 гъэм къыщиухым къратa дэфтэрым зэритымкIэ, абы хьэрыпыбзэри, персыбзэри, тыркубзэри фIыуэ, тэтэрыбзэр - фIы дыдэу ищIэрт, иригъэджэнуи хуитт. «Кавказ» газетым абы «Адыгэ лъэпкъыр» зи фIэщыгъэ тхыгъэшхуэ къытрыригъэдзауэ щытащ, адыгэ лъэпкъхэм я бжыгъэм, я диным, нэхъыжь-нэхъыщIэхэр зэрызэбгъэдэтым, я бзэм, я IуэрыIуатэм я гугъу щищIу.

КъехьэкI-нехьэкI хэмылъу, Макаровым и тхыгъэм щытригъэчыныхьырт: «Адыгэхэм хьэрыпыбзэкIи урысыбзэкIи тхэну къащехьэлъэкIкIэ, зэи зыри зэрымытха бзэмкIэ нэхъ тыншу тхэфыну пIэрэ? Адыгэбзэм тхыбзэ иIэкъым. Ди кавказ щIэныгъэлIхэм зэхалъхьа алыфбейр лъэпкъым ицIыхуркъым, Ставрополь гимназием адыгэбзэ зэрыщрагъэджар зыщIыпIи нэмысу еджапIэ кIуэцIым къыщIэнэжа Iуэхущ».

«Къэбэрдейр къызэраубыд лъандэрэ урыс тхыбзэм хурагъаджэу щытамэ, абы урыс тхыбзэ фIэкIа щызекIуэххэнтэкъым», - жеIэ адэкIэ, псори урыс зыщIыну хэтхэм я телъхьэм. Макаровым идэртэкъым къэбэрдей тхыбзэм зрагъэубгъуну, ауэ псом нэхърэ ар нэхъ къэзыгъэгубжьыр ХьэтIохъущокъуэм Къэбэрдейм щызекIуэ дэфтэрхэр адыгэбзэкIэ ятхыну жэрдэм къызэрыхилъхьэрт. Макаровым деж дыкъыщоджэ: «КъащтэнкIи къамыщтэнкIи хъунум уемылIалIэу, шэч хэмылъу къащтэнум щхьэ зебгъэужь мыхъурэ лъэпкъым урысыбзэр зригъэщIэну куэд щIауэ зэрыхуейри къэбгъэсэбэпу, урысей цIыхубэм куэд щIауэ къигъэщхьэпэ тхыбзэри къэбгъэщIэрэщIэжу? Аргуэру зэ жызоIэри - лъэпкъым имыцIыхур дауэ къызэрищтэнур, къищтэми - сыт абы къытхуихьынур? И гугъу сщIыххэркъым тхыбзэ зимыIэ бзэмкIэ дэфтэрхэр зегъэкIуэн хуейщ жыхуаIэ Iуэхум. Мелуан пщIейм яIурылъ бзэр (урысыбзэр) къэбгъанэрэ, цIыху мин бжыгъэ фIэкIа зэрымыпсалъэ бзэм (адыгэбзэм) уелIалIэу, ауэ щыхъукIэ мохэри мыдрейхэри зы пащтыхьым, зы щIыналъэм и унафэ щIэту».

Газетым и 18-нэ номерым къытехуа «Макаровым хуэгъэза жэуапым» ХьэтIохъущокъуэм и дауэгъур щрегъэкIуэт: «Къуажэ IуэхущIапIэхэм щызэIэпах дэфтэрхэр адыгэбзэкIэ ятхамэ зэрынэхъыфIым дыщытепсэлъыхь ди тхыгъэу «Кавказ» газетым къытрадзам щыщ пычыгъуэ къехьри, зиусхьэн Макаров Тимофей адыгэхэм урысыбзэр зэрамыхамэр къигъэлъэгъуэн папщIэ жеIэ: «Куэд щIакъым Къэбэрдейм и ныкъуэр тэрмэш хуэмыныкъуэу урысыбзэкIэ псалъэу зэрыщытрэ. ИтIанэ къоуIэбжь: «Iуэхур щхьэ икIуэтыжын хуей хъуа, дэнэ щыIэ урыс еджапIэхэр къэзыухахэр?» «Сыт къуажэ писыр къэбгъуэтыну щIэгугъур, щэщI гъэхэм Къэбэрдей судым къэбэрдей щIалэщ щылэжьар», - жеIэ абы». *(Зи гугъу ищIыр 1838-1842 гъэхэм Къэбэрдей судым щылэжьа Нэгумэ Шорэщ - Б.Т., К.А.)*

«Шэч хэмылъу, адыгэхэм гукъыдэж яIэщ урысыбзэр зрагъэщIэну, - етх адыгэ узэщIакIуэм, - а гукъыдэжми, урыс еджапIэхэм щеджэхэм я бжыгъэми хохъуэ, икIи щэщI гъэхэм хейщIапIэм и секретару лэжьэфыну зы нэрыбгэ фIэкIа щымыIамэ, иджы апхуэдэхэр пщIы бжыгъэкIэ бгъуэтынущ. ИтIани урысыбзэр зэгъэщIэн Iуэхур хуэму фIэкIа кIуатэркъым, абыкIэ цIыхубэм щIэныгъэ щхьэпэ зрагъэгъуэтыным тебгъэгушхуэн хуэдэу, анэдэлъхубзэм и пIэ ибгъэувэфын хуэдизуи урысыбзэм зиужьакъым. Абы и щыхьэтщ адыгэхэм я нэхъыбэр урысхэм тэрмэшыншэу зэремыпсалъэр». ХьэтIохъущокъуэм Макаровым чэнджэщ ирет Къэбэрдейм кIуэуэ Iуэхур зыIутыр и нэкIэ зригъэлъагъуну.

«Къэбэрдейр къызэраубыдрэ урыс тхыбзэм елIалIэу щытамэ, абы урысыбзэ фIэкIа щыземыкIуэу хъунт», - етх Макаровым, - жеIэ адэкIэ адыгэ узэщIакIуэм. - ПщIыхьу къызэфIимыгъэщIамэ, ар апхуэдэ гупсысэм хуэзышар къытхуэщIэркъым. Нобэ тлъагъум тепщIыхьмэ, дэ жыжьэуи гъунэгъуи тхужыIэнукъым адыгэхэм урыс тхыбзэр къагъэщхьэпэфын хуэдэу къащыхуэщтэну зэманыр».

ХьэтIохъущокъуэм къызэрилъытэмкIэ, Макаровыр щоуэ, зыри иджыри къэс зэрымытха адыгэбзэмкIэ дэфтэр тхылъ зепхьэныр хьэрыпыбзэм нэхърэ нэхъ гугъу хъуну къызэрыфIэщIымкIэ. «А зэгъэпщэныгъэм нэхърэ нэхъ къемызэгъ къыпхузыфIэгъэщIынукъым, езы Макароври егупсысыжмэ къыгурыIуэжынущ ар, - жеIэ узэщIакIуэм. - Ауэ гупсысэр сэбэп мыхъумэ, абы къыхуэщхьэпэнущ къуажэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэр къэзэухахэм, грамматикэ жыхуаIэр ямыщIэххэу, «игъащIэм зыри зэрымытха бзэмкIэ» - адыгэбзэкIэ - я гупсысэр IупщIрэ зэхахауэ къызэраIуэтэфыр...»

Iуэхур ХьэтIохъущокъуэр зыщыгугъым хуэмыкIуэу, «Тэрч хъыбархэм» и 25-нэ номерым аргуэру къытехуащ бгырысхэм я бзэмрэ я щэнхабзэмрэ ауан зыщI Макаровым и тхыгъэ. «Сэ сызытетам сытетыжщ икIи жызоIэ къэбэрдей тхыбзэр къебгъэщтэнри нэхъыбэм ямыцIыху алыфбей щхьэхуэ зезыхьэу щыта мысыр динзехьэхэр къэбгъэтэджыжынри зэрызыр, дамыгъэрытхэхэр, стенограф тхэкIэр къепхьэжьэным ещхьщ ар. Хэт ищIэрэ, ахэр зыгуэрым хуэщхьэпэнкIи хъунщ, ауэ лъэпкъым и нэхъыбэм абы зэраныгъэ фIэкIа къыхуихьынукъым».

Макаровым зегъэлIыфI, Къэбэрдейм егъэджакIуэхэм папщIэ къыщызэIуаха еджапIэм ехъулIэныгъэшхуэ игъуэтакъым жеIэри. Абы гу лъимытэ зещI а еджапIэр фIыуэ лэжьэным зэран хуэхъуа щхьэусыгъуэхэу адыгэ узэщIакIуэм зи гугъу ищIхэм. Къэбэрдей алыфбейм Макаровыр «ХьэтIохъущокъуэм и пщIыхькIэ» йоджэ. «Къэбэрдей тхыбзэ зэрыщыIэм и щыхьэту, къуажэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэхэм щIэсахэр адыгэбзэкIэ тхэуэ щытащ», - жеIэ ХьэтIохъущокъуэм. Сыт, а еджакIуэу щытахэр егъэджакIуэ хъуфауэ пIэрэ? Иджыпсту щыIэ «егъэджакIуэкIэ» узэджэ хъун?.. Сэ апхуэдэ Iуэхухэм семыпщIыхьми, адыгэ тхыбзэм зрагъэубгъун IуэхукIэ пщIыхьэпIэм хэтхэм зэран сахуэхъуркъым».

ХьэтIохъущокъуэм итха жэуапым Iэдэб зыхэлъ бзэ зэпIэзэрыткIэ къыщыхегъэщ къуажэ IуэхущIапIэхэм щызекIуэ дэфтэрхэр адыгэбзэкIэ зебгъакIуэмэ, адыгэ тхыбзэм псынщIэ дыдэу зэрызиужьынур. «Макаровым адыгэ тхыбзэм зегъэужьын зэрыхуейм теухуауэ иIэ еплъыкIэр дэ дыдейм жыжьэуи гъунэгъуи бгъэдыхьэркъым, - жеIэ Къазий. - Абы жыхуиIэр пщIэмэ, тхыбзэм и зыужьыныгъэр игъащIэкIи уи нэгу къыпхущIэмыгъэхьэн зэман жыжьэкIэ IукIуэтынущ...»

ХьэтIохъущокъуэм и тхыгъэм Макаровыр игъэбэяуакъым. «Тэрч хъыбархэм» и 30-нэ номерым абы аргуэру тхыгъэ къытрырегъадзэ, иджы Къэбэрдейм адыгэ тхыбзэ къыщебгъащтэмэ, ар урысыбзэм зиужьыным зэран хуэхъуну щыжиIэу. Абы идэркъым дэфтэр лэжьыгъэхэр адыгэбзэкIэ зегъэкIуэн Iуэхур. «Мыбдежым «сыт щхьэкIэ», «дауэ» жыпIэу ущIыщIэупщIэххэн, «сыт адыгэбзэкIэ дэфтэр зебгъакIуэ щIэмыхъунур?» жыпIэу упщIэ щIэбгъэувын щхьэусыгъуэ щыIэххэкъым. Дэфтэрхэр Iэмал имыIэу урысыбзэкIэ зекIуэн хуейщ», - етх Макаровым.

Зэдауэр кIыхьыIуэ щыхъум, газетым и 33-нэ номерым ХьэтIохъущокъуэм «Макаровым хуэгъэза иужьрей жэуап» къытрырегъадзэ. Адыгэ тхакIуэм абы аргуэру къыщыхегъэщ цIыху нэхъыбэм урысыбзэр зрагъэщIэху адыгэ тхыбзэм и Iуэху къепхьэжьэ мыхъуну жызыIэм зэримыакъылэгъур икIи жеIэ: «Къэбэрдейм урысыбзэр къыщыщебгъащтэкIэ абы цIыхухэм тхэкIэ-еджэкIэ зрагъэщIэн Iуэхур игъэгувэнукъым», - къехь Макаровым шэч зыхэмылъ, ауэ Iуэхум щымыщ гупсысэ. НэгъуэщI зыгуэр жызыIэри къуаншэт. Дэ жытIахэми зы псалъи къыхэхуэркъым урысыбзэм зиужькIэ, тхэкIэ-еджэкIэ Iуэхур гувэну къикIыу. Дэ жытIар Къэбэрдейм щыпсэухэм урысыбзэкIэ тхэкIэ-еджэкIэ зрагъэщIэху тхыбзэм зегъэужьын Iуэхур къыхэдмылъхьэмэ, адыгэхэм илъэс бжыгъэшхуэ дэмыкIауэ тхэкIэ-еджэкIэ зэрызрамыгъэщIэфынурщ. А тIури зыкъым, зиусхьэн Макаровым жытIам нэгъуэщI зыгуэр кърихыну хэтми».

Гъэхуауэ, щыхьэтхэри къихьурэ пхегъэкI ХьэтIохъущокъуэ Къазий и Iуэху еплъыкIэр. Абы «жэуап гуащIэ» ирет зауэлI-тэрмэшхэр зыгъэхьэзыр, Новочеркасск дэт гимназием и къухьэпIэ къудамэм тхыбзэ зимыIэ адыгэбзэр щрагъэджу зэрыщымытар, абы зыри зэрыхуэмыныкъуэр, мыхьэнэи зэримыIэр жызыIэ Макаровым. ХьэтIохъущокъуэм и макъым зримыгъэIэту ягу къегъэкIыж адыгэ тхыбзэр къухьэпIэ къудамэр къызэIуахын ипэкIи зэрыщыIар. «Лъэпкъыбзэхэр нобэр къыздэсым зыми, дэ дызэрыщыгъуазэмкIэ, мыхьэнэ зиIэрэ зимыIэкIэ зэхидзакъым. Новочеркасск дэт гимназием адыгэбзэр щрагъэджу щIыщымытар нэгъуэщI щхьэусыгъуэщ», - жеIэ абы.

Адыгэ лъэпкъым тхыбзэрэ и бзэкIэ игъуэтыжа щIэныгъэрэ иIэну зэрыхуэфащэм хахуэу къыщхьэщыжурэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и лэжьыгъэр мыпхуэдэу еух: «Зиусхьэн Макаров игу зэгъэн папщIэ жыIапхъэщ абы мысыр динзехьэхэм я алыфбейм, дамыгъэрытхэхэм, стенограф тхэкIэм нэгъунэ иригъэщхь адыгэ алыфбейр цIыху мелуанипщIхэм зрамыгъэщIэнкIэ Iэмал имыIэу зэрыщымытыр. Хъарзынэщ ар цIыху минхэм, хьэмэрэ цIыхуищэхэм, уеблэмэ цIыху пщIы бжыгъэхэм зрагъащIэми».

ХьэтIохъущокъуэ Къазийрэ Макаров Тимофейрэ я зэхуакум щекIуэкIа щIэныгъэ зэдауэм адыгэр нэрылъагъуу щытекIуащ. Хъийми имыкIыу, жагъуэгъум и псалъэ папцIэхэр къипхъуатэурэ хуэзэу жэуап езытыжыфа ХьэтIохъущокъуэр щIэныгъэ дауэкIи зэрыIэзэр ар щхьэхуимыту зыхэхуа зэпеуэм къигъэлъэгъуащ. Интеллигентым хэлъыпхъэ Iэдэбыр дэплъагъуу, абы Макаровым и псалъэ пхъашэхэм гъэхуарэ гурыIуэгъуэу жэуап иритыфащ. Акъылэгъу ухуэмыхъункIэ Iэмал имыIэу, ХьэтIохъущокъуэм утыку кърилъхьащ Къэбэрдейм анэдэлъхубзэкIэ тхыбзэм зыщегъэужьын хуейуэ къызэрилъытэри къыщIилъытэри. Адыгэхэм урысыбзэ зрагъэщIэну зэрыхуейм гу лъыуигъэта нэужь, абы тегъэчыныхьауэ жеIэ абы щыгъуэми хамэбзэр анэдэлъхубзэм и пIэ къызэримыувэфынур. Ауэ щыхъукIэ, анэдэлъхубзэкIэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтмэ, абы и лъэпкъэгъухэм урысыбзэри нэхъ тыншу зрагъэщIэфынущ, урыс щэнхабзэми нэIуасэ нэхъ псынщIэу зыхуащIыфынущ. Абы улъэIэсын папщIэ, дэфтэр лэжьыгъэхэр адыгэбзэкIэ зэфIэзыхыфын цIыхухэр егъэджэн хуейщ. Макаровым ХьэтIохъущокъуэм и жэуап лъэщыр Iэрыхьа нэужь, и жьэр зэтрипIэныр нэхъ захуагъэу къилъытэжащ, текIуэныгъэр щIэныгъэ зыбгъэдэлъ щIалэ губзыгъэм, бгырыс хахуэм зэрыхуэфащэм и щыхьэту.

БЕКОЕВЭ Татьянэ,
егъэджэныгъэ щIэныгъэхэм я доктор, Осетие Ищхъэрэм Хетагуровым и цIэр зезыхьэ и университетым и доцент.
КУДЗАЕВЭ Аксанэ,
егъэджэныгъэ щIэныгъэхэм я кандидат, Осетие Ищхъэрэм Хетагуровым и цIэр зезыхьэ и университетым и доцент.



● Зэпеуэхэр

«ЩIалэгъуалэмрэ хабзэмрэ»

Апхуэдэ фIэщыгъэр зиIэ республикэпсо джэгу-зэпеуэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. КъБКъУ-м ТхыдэмкIэ, филологиемрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и институтымрэ (ИИФиСМИ) Сабий творчествэмкIэ республикэ уардэунэмрэ я жэрдэмкIэ ирагъэкIуэкIа олимпиадэр мы гъэм епщIанэу зэхашэ.

ЗЭПЕУЭМ хэт школакIуэхэм фIэхъус псалъэхэмкIэ зыхуагъэзащ университетым и къудамэхэм я егъэджакIуэхэм. ИИФиСМИ-м тхыдэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Мамсыр Хьэмидбий ныбжьыщIэхэр къыхуриджащ УФ-м щызекIуэ хабзэхэм, цIыхухэм яIэ хуитыныгъэхэм нэхъ кууэ щыгъуазэ зыхуащIыну. Абы жиIахэм пащэу, нэгъуэщI егъэджакIуэхэми зыхуагъэзащ щIалэгъуалэм.

- Ди дежкIэ нэхъыщхьэр ди къэралым щызекIуэ хабзэ нэхъыщхьэхэм зи щIалэгъуэхэм хащIыкIыныршщ, ахэр я гъащIэ гъуазэ, псэукIэ пщалъэ хъуныршщ, - жиIащ зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ, ИИФиСМИ-м тхыдэмкIэ и кафедрэм и доцент Къардэн Майе. - Нобэрей олимпиадэр апхуэдэуи сэбэпщ щIалэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ хабзэншагъэ зэрамыхьэным, мыхъумыщIагъэ ямылэжьыным къыхуеджэнымкIэ.

Псори зэхэту къапщтэмэ, олимпиадэм хэтащ ди республикэм и щIыналъэхэм я лIыкIуэ гуп 23-рэ. Джэгу-зэпеуэр, ныбжьыщIэхэм я ныбжьым елъытауэ, тIууэ зэщхьэщыхауэ ирагъэкIуэкIащ. Япэ гупым хэхуащ илъэси 10 - 13 зи ныбжь школакIуэхэр, адрейм хэтащ илъэс 14 - 18 хъухэр. ШколакIуэхэр зэхьэзэхуащ, къыхуагъэув упщIэхэм тхыгъэ жэуап шэщIа иратурэ.

Зэхьэзэхуэм и къэпщытакIуэ гупыр набдзэгубдзаплъэу хэплъащ ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэм икIи увыпIэхэр ягуэшащ. ШколакIуэ нэхъыщIэхэм я гупым япэ увыпIэр къыщахьащ Урыху, Зеикъуэ къуажэхэм къикIа сабийхэм. ЕтIуанэ хъуащ Звёзднэ жылэм щыщ цIыкIухэр, ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Терскол къикIахэм. Гуп нэхъыжьхэм ящыщу япэ увыпIэр къахьащ Урыху къуажэм къикIахэм, етIуанэр зэхуагуэшащ Бахъсэн къалэм, Шэрэдж Ищхъэрэм, Къэщкъэтау щыщхэм. Ещанэр хуагъэфэщащ Зеикъуэрэ Шэджэм ЕтIуанэмрэ щыщ школакIуэхэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми иратащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, саугъэтхэр, зэпеуэм зэрыхэтам щыхьэт техъуэ сертификатхэр.

Олимпиадэм щытекIуахэми абы къыхэжаныкIахэми дохъуэхъу зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэмкIэ. Псом хуэмыдэж псалъэ дахэхэр яхуэфащэщ зэпеуэм хэта гупитIми япэ увыпIэхэр къыщызыхьа, щIэныгъэ куу къэзыгъэлъэгъуа, Урыху къуажэм дэт курыт школ №2-м щыщ ныбжьыщIэхэм, ахэр зэхьэзэхуэм хуэзыгъэхьэзыра егъэджакIуэ Iэзэ Тэнащ Маринэ. Фи мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къывэхъулIэу, лъагапIэщIэхэр фи плъапIэу, щIэныгъэ нэс зэгъэгъуэтыным фыхуэпабгъэу фыпсэуну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
Сурэтым: олимпиадэм щытекIуа ныбжьыщIэхэр.

● Шэджэм щIыналъэ

Есэпым драгъэхьэх

Есэпым ди гъащIэм щиIыгъ увыпIэр, ар щIэныгъэ лъабжьэ зыхуэхъу къэхутэныгъэщIэхэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ, сабийхэм я акъылым зегъэужьынымкIэ есэпым мыхьэнэ ин зэриIэр - а псоми щытепсэлъыхьащ Яныкъуей къуажэм Байсултановым и цIэр зэрихьэу дэт курыт школым есэпымкIэ щекIуэкIа зэпеуэм.

ШКОЛ унафэщIхэмрэ дин лэжьакIуэхэмрэ я жэрдэмкIэ екIуэкIа мы зэпеуэм и къалэн нэхъыщхьэу щытар есэпымрэ адрей щIэныгъэхэмрэ лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызэпыщIар нэрылъагъу ящыщIауэ, сабий нэхъыбэ есэп дерсхэм дегъэхьэхынырщ. Математикэм цIыхум и гупсысэр зэрызэщIикъуэмрэ мардэ тэмэмым тету зэрипсыхьымрэ тепсэлъыхьащ курыт еджапIэм а дерсымкIэ щезыгъаджэ Элекуевэ Лейлэ.

ЕсэпымкIэ зэпеуа сабийхэм япэ увыпIэр зыубыдар Звёзднэ жылагъуэм щыщ цIыкIухэрщ, етIуанэр бысымхэм къахьащ.

ЗэIущIэр зыхуей хуэзэу къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ хуащIащ Звёзднэм дэт курыт школым и унафэщI Зинченкэ Галинэрэ Яныкъуейм и Iимам Элекуев Хьэсэнрэ. Зэпеуэм щытекIуахэм щIыхь дипломхэр, Iуэхум хэта еджакIуэ къэс саугъэтхэр иратащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Тифлис и унащхьэхэм ящыщ зым адыгэ къафэ щагъэзащIэ.
Сурэтыр Тагарин Григорий ищIащ. 1857 гъэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Лышхыр ирагъэкIуэтын мурадкIэ

ЦIыхур нэхъ зыщыщтэ узыфэхэм ящыщщ лышхыр. Ди къэралым илъэс къэс цIыху мин 600-м хуэдизым щыхуагъэув лыш узыфэр, мин 200-м нэс малIэ. ЦIыхухъухэм а узыр нэхъ зыхуэлъэу яIэр тхьэмбылымрэ тхьэмбыл къуэпсхэмрэщ, цIыхубзхэм - я бгъэр.

ЗЭРЫТЩIЭЩИ, 2018 гъэр лыш узыфэхэм япэщIэтыным и илъэсу ягъэуващ. Абы епхауэ Iуэхугъуэ инхэр щыгъэбелджыла программэ къащтэнущ. «Общенациональная программа», - жиIэри къыхигъэщащ Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам, цIыхубэр хъумэнымкIэ абы иIэну мыхьэнэм тригъащIэу.

УФ-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Скворцовэ Вероникэ жиIащ лэжьыгъэр Iыхьэ зыбжанэу гуэшауэ зэрекIуэкIынур: узыфэр къызэрахутэ Iэмалхэр ирагъэфIэкIуэнущ, хэмыкIасэ щIыкIэ къагъуэтар яхуогъэхъужри; и чэзум хущхъуэ ирахьэлIэу щIадзэнущ; хущхъуэщIэхэм елэжьынущ, псом хуэмыдэу зытрагъэщIэнур иммуно-биологическэ жыхуаIэращ (аращ мы зэманым нэхъыфI дыдэу къалъытэр).

Дриплъэнти пыухыкIауэ мы лэжьыгъэр зыхуэдэнум. Япэ Iыхьэу жыхуэтIар узыфэр къызэрахутэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэнращ (ранняя диагностика).

Министрым зэрыжиIамкIэ, поликлиникэхэм щылажьэ терапевтхэм, гинекологхэм, нэгъуэщI IэщIагъэлIхэми папщIэ программэ ягъэхьэзыращ сымаджэ къахуэкIуам лыш пкъырыту гурыщхъуэ зыщI дохутырым адэкIэ ищIэнур щыгъэбелджылауэ. «Программа по онконастороженности» жаIэ абы щхьэкIэ. Дохутырхэр абы хурагъаджэкIэ зэфIэкIыркъым, Iэмэпсымэу зыхуеинур поликлиникэхэм щIагъэувэну унафэ щыIэщ.

Абы къищынэмыщIауэ, мы гъэм щыщIэдзауэ зэхъуэкIыныгъэ игъуэтащ цIыхухэм я узыншагъэр къызэрапщытэм (диспансеризацэм). ЦIыхур щылэжьэфыну ныбжьым итхэм я узыншагъэр илъэситIым зэ къапщытэнущ (япэм илъэсищу щытащ). Ауэ Президентым къалэн къащищIар ягъэзащIэу, илъэс къэс къапщытэным хуэкIуэнущ. Шэч хэлъкъым ар хэкIыпIэфI зэрыхъунум, цIыхум уз гъэтIылъа имыIэу лэжьэнымкIэ, псэунымкIэ.

«Диспансеризацэ» псалъэр зэхэзыхыну хуэмейхэр щыIэщ, лейуэ къырахуэкIыу къалъытэу. Мы Iуэхум егъэзыгъэ хэмылъын щхьэкIэ нэгъуэщIхэм я щапхъэм дрикIуамэ хъунут. Псалъэм папщIэ, къэрал куэдым мыпхуэдэу ягъэуващ: илъэс къэс цIыхум и узыншагъэр кърагъэпщытэн хуейщ. Ар зэфIигъэкIауэ операцэ щIащIын е нэгъуэщI узыфэ къыхукъуэкIмэ, уасэ щIимыту псори зэфIагъэкIынущ. Диспансеризацэм и пIалъэр фIигъэкIауэ дохутыр Iэмал имыIэу хуей хъумэ, къыхуащIэ псом и уасэ яритынущ. ГурыIуэгъуэкъэ цIыхум щхьэусыгъуэфI зэриIэр диспансеризацэм къыпимыкIухьыну.

Лэжьыгъэм и етIуанэ Iыхьэр лыш узыфэхэмкIэ дохутырхэр зэрахуримыкъум епхащ. Абы къыхэкIыу сымаджэм и чэзум дохутырыр зригъэплъыфыркъым, *хущхъуэ зрихьэлIэныр кIыхьлIыхь мэхъу*. Иджы Урысей Федерацэм и поликлиникэхэмрэ диспансерхэмрэ онколог яхурикъуу яIэным къэрал гулъытэ игъуэтынущ, цIыхум и узыфэр къахута нэужь тхьэмахуитI нэхъ дэмыкIыу къеIэзэу щIадзэныр ягъэуващ мардэу.

Медицинэм дауэ зимыужьми, щIэныгъэшхуэ зиIэ дохутырхэр сыт хуэдизкIэ нэхъыбэ мыхъуми, мащIэщ яхузэфIэкIынур, езы цIыхур и узыншагъэм щымысхьмэ, кIэлъымыплъмэ.

УзыншагъэмкIэ дунейпсо организацэм (ВОЗ) щIэныгъэлIхэм я зэIущIэ иригъэкIуэкIхэм, узыфэхэм къадэкIуэу, щытепсэлъыхь хъуащ цIыхум и узыншагъэр ихъумэным къыхуезыджэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэхын зэрыхуейм. Зи гугъу ящIыр фадэхэкIхэм, тутыным, афиянхэкIхэм зыщадзеинымрэ я Iэпкълъэпкъыр япсыхьынымрэщ (спорт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ), абыхэм къагуэхыпIэ имыIэу епхащ шхэнымкIэ зыхуэсакъыныр, ерыскъыр къабзэу щытыныр, химиекIэ «ямытхьэлауэ». Щхьэж зэрызыхуэсакъыжщ. Ди зэманым цIыхум уз къызыхихыну ерыскъымрэ псыIэфIхэмрэ апхуэдизкIэ куэдщи, зызыхъумэжыну хуейм шхын хэплъыхь ищIынщ. Армырамэ, фошыгъу уз, лыш, гу-лъынтхуэ уз жыхуаIэхэм сабий-балигъкIэ зэхэдз яIэжкъым. Зэран къызэрымыкIуэу къытхуэхъум хэвгъэхьэж компьютерыр, жып телефоныр, куэдыIуэрэ дызэрызэфIэсыр.

Гъуэгу здэщыIэм гъащIи щыIэщ

Иужьрей махуэхэм зэхэсхахэм ящыщу къыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейт Кърымымрэ Урысеймрэ зэпызыщIэ лъэмыжыр накъыгъэ мазэм къызэрызэIуахынур (мы гъэм и дыгъэгъазэ мазэр пIалъэу яIами).

СЫТ Кърым? Сыт лъэмыж? Дэнэ ар здэщыIэр, дэнэ дэ дыздэщыIэр? Пэж гуэри яхэлъкъэ мыпхуэдэ упщIэхэм? Дауи. Ауэ ди къэралым и къэхъукъащIэ псори мащIэми-куэдми къыщытлъэIэскIэ, ехъулIэныгъэр нэхъыбэху дэтхэнэ зым дежкIи нэхъыфIщ, шэч хэмылъу.

2015 гъэм сыщыIат Кърымым. Ялтэ, Симферополь, Севастополь, Балаклавэ, нэгъуэщI къалэхэми я щытыкIэр си нэкIэ слъэгъуати, сызэгупсысар: зэгуэр щIэращIэу щыта зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэр (XX лIэщIыгъуэм икухэм къыщыщIэдзауэ СССР-р лъэлъэжыху) сабафэ – зеиншафэщ. Ауэ щIыпIэхэр езыхэр дахащэщи, цIыхуIэ хуэныкъуэми, узэплъын щыIэт. Сыт и уасэ Никитскэ ботаникэ хадэ илъэс 206-рэ зи ныбжьыр. Гектар 996-рэ хъу хадэм жыгрэ удз гъагъэу итыр лIэужьыгъуэ 3500-рэ мэхъу. Езым и лабораторэ яIэжщ а къэкIыгъэхэм, цIыхум и узыншагъэм, зигъэдэхэным теухуауэ къигъэсэбэпыфыну куэдым щелэжьу, жылапхъэхэр щрагъэфIакIуэу. «Натуральнэ» жыхуаIэм зратыжыну (ар шхынми хьэпшыпхэми ятеухуауэ жыпIэмэ), ар нэхъ лъапIэми, зэран къахуэмыхъун къудеймэ, ахъшэ щIатыну цIыхур абы щеувэлIа ди зэманым мы хадэм фейдэуэ къуитыфынур нэрылъагъущ, къэкIыгъэхэмкIэ умыIэщIагъэлIми сату щIэкIэм упэжыжьэ дыдэми. И гугъу умыщIыххэ хадэм зыщаплъыхьын, щыбэуэн къудей щхьэкIэ махуэ къэс абы цIыхуу къакIуэм я бжыгъэм.

Урысейм мы щIыпIэм ахъшэ хилъхьэн щIидзауэ аращ. Псом япэу унафэ зытещIыхьыпхъэр а хытIыгуныкъуэм цIыхухэр тыншу кIуэфынрати, Кърым лъэмыжыр яухуащ. Урысейми Европэми щыIэкъым апхуэдиз зи кIыхьагъ лъэмыж - километр 19. Мы махуэхэм къагъэлъагъуэ Симферополь аэропортри. Ар къыпхуэцIыхужыххэркъым, апхуэдизкIэ ирагъэфIэкIуащи.

Кърымым зэманым декIуу зиужьын папщIэ щIэн хуей Iуэхухэр ягъэбелджылыну иджыблагъэ абы щыIащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и лIыкIуэхэр, РАН-м и президент Сергеев Александр я пашэу. ЩIэныгъэлIхэм, хьэрычэтыщIэхэм я псалъэ жаIэмэ, аракъэ щIыналъэм зиужьынымкIэ шэсыпIэ хъунур? Сом мелард 230-рэ зытекIуэда (абыкIи зэфIэкIыну къыщIэкIынукъым), цIыху 3000-м щIигъу зызэблахъуурэ щылажьэ лъэмыжым фейдэ къыпэкIуэжу щIидзэнущ гъэмахуэм.

Урысейр игъащIэми зыгъэтхьэусыхэщ гъуэгухэр, цIыхухэр тыншу, псынщIэу зэрызекIуэн щымыIэу. Иджы а щыщIэныгъэр мы лъэмыжым зыгуэркIэ егъэзэкIуэж. Гъуэгухэм ятеухуауэ нэгъуэщI лэжьыгъэшхуэхэри щыIэщ. Псалъэм папщIэ, Москварэ Санкт-Петербургрэ зэпызыщIэ «Сапсан» электропоездым а гъуэгуанэр сыхьэтищым къызэренэкI, Москва - Ивановэ я зэхуаку дэтыну «Ласточка» мафIэгум хуэдитIкIэ игъэмэщIащ абы текIуадэ зэманыр: сыхьэтищрэ дакъикъэ 41-м къриубыдэу ухуеймэ щхьэукъуэ, ухуеймэ тхылъ еджэ, ухуеймэ ноутбукымкIэ лажьэ - уешыну унэмысу унашэсыжынущ уздэкIуэм. «Бизнес, эконом, базовый туристический» жыхуаIэ класс-хэр яIэщи, уи ахъшэм тещIыхьауэ нэхъ къозэгъынур къыхэпх хъунущ. Билет нэхъ пуд дыдэр сом 459-рэ, экономыр - 503-рэ, бизнесыр - 1501-рэ я уасэщ. Иужьрейр нэхъ лъапIэ зыщIыр фэм къыхэщIыкIа шэнтиуэ щабэ узэрисынумрэ узэрагъэшхэнумрэщ.

Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт иджы уздыхуейм псыншэу унэсыфыным мыхьэнэуэ иIэм. Япэрауэ, гъащIэр къыщибыргъукI Москва щылэжьэну хуейхэр абы трегъэгушхуэ, хьэрычэтыщIэм и Iуэхум щыщ Ивановэ къыщызэIуихыну нэхъ тынш мэхъу, «Ласточка» мафIэгури ар зытет гъуэгури зехьэн хуейщи, цIыхухэм IэнатIэ ягъуэт.

Кисловодск - Сочэ зэпызыщIэ электропоезд трагъэувэну жаIэрти, Кавказ Ищхъэрэмрэ Краснодар краймрэ псынщIэу зекIуэ транспорткIэ зэпыщIа зэрыхъунум куэд щыгуфIыкIат, ауэ ди щIыналъэхэм хиубыдэ мэз гъэфIэнхэм (заповедник) а гъуэгур зэран хуэхъуну къалъытэри, зэкIэ Iуэхур зэрагъэтIылъэкIащ. Ауэ си щхьэкIэ шэч къытесхьэркъым абы иджыри зэрыхэплъэнум. Дунейр нэгъуэщI мэхъу, нобэ уакъыкIэрыхуамэ ялъэщIыхьэжыгъуейщ. Псалъэм папщIэ, я нэхъыбэрамэ, илъэсипщIым къриубыдэу бжьамий транспорт щыIэ хъунущ. Ар зыхуэдэнур иджыблагъэ Дубай щагъэлъэгъуащ: бжьамий кIуэцIым итынущ цIыхухэр зэрысыну капсулэр. Абы зы секундым метр 200 къызэренэкI. Къапщтэмэ, Дубайрэ Абу-Дабирэ километри 140-рэ я зэхуакущи, бжьамий капсулэм ар дакъикъэ 12-м къызэринэкIынущ.

Хьэршым къыщагъэсэбэп технологиещ щIым къахьар. Ди къэралыр хьэршым епха IуэхухэмкIэ япэ зэритым тепщIыхьмэ, дызыщыгугъын щыIэщ, ауэ дэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм, зэкIэ зытедгъэгусэнтэкъым «Ласточка», «Сапсан» хуэдэ «къуалэбзухэми».



● Дзюдо

Олимп лъэхъэнэщIэм щIедзэ

2016 гъэм Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа Олимп джэгухэм дыщэ медаль къыщызыхьа, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Мудрэн Беслъэн мы махуэхэм къыщыхэжаныкIащ Екатеринбург дзюдомкIэ щызэхэта «Тажышхуэ» дунейпсо зэхьэзэхуэм.

ПЭЩIЭДЗЭ зэIущIэхэр фIы дыдэу иригъэкIуэкIыурэ финалым и Iыхьэ плIанэм нэса Мудрэныр къыхигъэщIащ Японием къикIа дзюдоист цIэрыIуэ Ошимэ Юмэ. АрщхьэкIэ къыкIэлъыкIуэ зэпэщIэтыныгъитIым адыгэ щIалэр щытекIуэжри, Урысейм и командэ къыхэхам жэз медалыр къыхуихьащ.

«Тажышхуэр» - Мудрэным и дежкIэ япэ зэхьэзэхуэщ Олимпиадэ нэужь лъэхъэнэм къриубыдэу икIи, зэрыгурыIуэгъуэщи, спорт щытыкIэ нэсым иджыри иувэжакъым. Апхуэдэу щыт пэтми, Олимп чемпионым къыпэщIэтыну утыкум къихьахэм я деж зэфIэкI лъагэ къыщигъэлъэгъуащ икIи текIуахэм я теувапIэм къыщыхутащ. Сэ сызэреплъымкIэ, ар зи чэзу олимп лъэхъэнэщIэм и щIэдзэкIэ хъарзынэщ», - жиIащ КъБР-м ДзюдомкIэ и федерацэм и президент Емкъуж Мухьэмэд.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Мини-футбол

НэгъуэщI къэралхэм къикIа студентхэм я зэпеуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и спорт комплексым мы махуэхэм щекIуэкIащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм мини-футболымкIэ я зэхьэзэхуэ. «Футбол зэкъуэшыныгъэ» зэпеуэр КъБКъУ-м иджы япэу щыIащ.

АР КЪЫЗЭРИГЪЭПЭЩАЩ нэгъуэщI къэралхэм щыщ студентхэм ядэлэжьынымкIэ кафедрэм. Зэхьэзэхуэм и къалэн нэхъыщхьэу щытащ мини-футболым зегъэужьыныр, КъБКъУ-м щеджэхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэныр, щэнхабзэ-спорт зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъуныр.

Лъэпкъ студент футбол лигэм и 2017 - 2018 гъэ зэхьэзэхуэм хэтащ Йеменым, Иорданием, Суданым, Малим, Мысырым, Палестинэм, Сирием къикIахэм я команди 4. Псори зэхэту цIыху 30-м щIигъу. Гупхэр тIурытIу гуэшауэ щытащ.

Зэхьэзэхуэ гуащIэм пашэныгъэр щаубыдащ Африкэм къикIа спортсменхэм. Абыхэм къакIэлъокIуэ Иорданием щыщхэр. Йеменым и гупыр ещанэщ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм кубокхэмрэ фэеплъ грамотэхэмрэ хуагъэфэщащ.

ТЕМЫР Дисанэ.

● Атлетикэ псынщIэ

НэхъыфIхэм я зэпэщIэтыныгъэ

Мэзкуу дэт «Салют Гераклион» спорт комплексым мы махуэхэм щекIуэкIащ «Битва полов» зыфIаща, лъагэу дэлъеинымкIэ цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ я зэхьэзэхуэр. ЗэрыхуагъэфэщауЭ, хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ зэхуэхъуащ дунейпсо рейтингым пашэныгъэр щызыIыгъ Ласицкене (Кучинэ) Мариерэ Лысенкэ Данилрэ.

ИДЖЫРЕЙ зэхьэзэхуэм текIуахэр къызэрыщалъытэр Спириев Божидар и таблицэм къызэрыщыхьам тетут. Псалъэм папщIэ, цIыхубзхэм лъагэу дэлъеинымкIэ я дунейпсо рекордым (сантиметр 208-рэ хъум) хуэзэр очко 1299-мэ, цIыхухъухэм я дунейпсо рекордым (сантиметр 243-рэ хъум) хуагъазэр очко 1296-рэщ. Апхуэдэу дэтхэнэ лъагапIэми езым пэхъун очко бжыгъэ иIэжщ.

ТIэунейрэ дунейпсо чемпион Ласицкене (Кучинэ) Марие зэхьэзэхуэр жыджэру къыщIидзащ икIи гугъущэ емыхьу сантиметри 199-м нэсащ. Лысенкэ Данил щIэдзапIэм лъагапIитIыр, сантиметр 233-мрэ сантиметр 236-мрэ, къызэринэкIри очко бжыгъэхэмкIэ япэ ищащ. Къыхэдгъэщынщи, а лъагапIэхэр мы лъэхъэнэм дуней псоми езы Лысенки я рекордщ. Марие и тренерым ечэнджэща нэужь, сантиметр 202-м щхьэпрылъыну триухуащ. АрщхьэкIэ, спортсмен цIэрыIуэм ар къехъулIакъым икIи балл 1209-рэ иIэу етIуанэ хъуащ. Абы ирихьэлIэу Лысенкэ Данил сантиметр 236-м и ужькIэ балл 1233-рэ зыIэригъэхьат. ТекIуэныгъэр къызэрихьам щхьэкIэ къэмыувыIэу, Данил нэхъ лъагэжу дэлъеину хуеящ, арщхьэкIэ сантиметр 240-р абы къызэринэкIыфакъым.

Ахъшэ саугъэтхэм къищынэмыщIауэ, зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм Лысенкэрэ Ласицкенерэ хурагъэщIа тажхэри хуагъэфэщащ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Битва полов» япэ урысейпсо зэхьэзэхуэм и саугъэт фондыр сом 1 мелуан хъууэ щытащ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Налшык къалэм и теплъэр зэрыщытар

● ТхылъыщIэ

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ «ФIыуэ слъагъу къалэ» фIащауэ ирахьэжьа Iуэху дахэм щыщ зы Iыхьэу абыхэм я тхылъ тедзапIэм дунейм къыщытехьащ сурэт альбом дахащэ. ТхылъымпIэфIым плъыфиплIу тедза сурэтхэр зэрыт тхылъыр зэпэплIимэшхуэщ (и бгъуагъри и кIыхьагъри миллиметр 230-рэ мэхъу), и тебзэр къытеIэтыкIа щIыкIэу дахэу щIащ, лентI цIыкIу дэдащи, уздынэсар тыншу къэпщIэжыфынущ. Ит сурэтхэращи, налшыкдэсхэми ди къалэр фIыуэ зылъагъу дэтхэнэми ягу зэририхьынум шэч хэлъкъым.

«ПАСЭРЕЙ Налшык» («Старый Нальчик») зыфIаща лэжьыгъэм къызэщIеубыдэ XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм щегъэжьауэ 1917 гъэм нэс Налшыкрэ абы къедзылIа щIыналъэхэмрэ траха сурэтхэр щызэхуэхьэсащ.

Налшык и уэрамхэм я теплъэр, иджыпсту щымыIэж ухуэныгъэхэр къощ цIыху щхьэхуэхэм траха сурэтхэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэд къытхуэнакъым апхуэдэ лэжьыгъэу, ауэ а мащIэри гуапэщ, къалэр зыхуэдар уи нэгу къыщIагъэхьэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ теплъэ зэхуэмыдэхэр къызэрыщ сурэти 150-м щIигъу къыдэкIыгъуэм зэрихуар. Абыхэм яхэтщ иджырей къалэдэсхэр зыщымыгъуазэхэр.

Иджы япэу дунейм къытехьэу аращ революцэм и пэ къихуэ зэманым траха сурэтхэр щызэхуэхьэса тхылъ. Абы и Iыхьэхэм («Нальчик похож на сельскую Голландию», «Купеческие семьи Нальчика») я фIэщыгъэм къегъэлъагъуэ сурэтхэр зыхуэдэр. Альбомым къыщыбгъуэтынущ зи лъэщапIэ пэшхэр Налшык дэта сурэтыщIхэу Берсеев А., Черджиевэ И., Новиковский И. сымэ трахахэр, ди къалэм и япэ сурэтыщI Алёхин Митрофан и IэдакъэщIэкIхэр.

«ФIыуэ слъагъу къалэ» проектым хыхьэну сурэтылъиплIым щыщу тIур дунейм къытехьакIэщ, иджыри апхуэдиз къыдэкIынущ. Ахэр тIурытIу зэдзылIауэ зы футляр гъэщIэрэщIам илъынущ. ЖыпIэнурамэ, Налшык фIыуэ зылъагъу дэтхэнэ зым и дежкIи тыгъэ гъэщIэгъуэныщэ ар зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

ИСТЭПАН Залинэ.

УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэхэмкIэ и министр Васильевэ Ольгэ иджыблагъэ егъэджакIуэхэм щахуэзам игъэбелджылащ дяпэкIэ я нэIэ зытрагъэтыну Iуэхугъуэ зыбжанэ.

Пэжу пIэрэ?

ЯПЭРАУЭ, заочнэ еджэкIэр щымыIэжыным хуэкIуэнущ къэралыр. Ар къыщIадзащ юридическэ щIэныгъэмкIэ, етIанэгъэ экономическэри абы хуагъэкIуэнущ.

- Зым и дежкIи щэхукъым: къэрал, уней университетхэм ахъшэ нэхъыбэу къызэралэжьыфыр юридическэ, экономическэ факультетхэм заочнэу щеджэхэм ят уасэрщ. Ауэ еджапIэхэм гугъу здрагъэхьыркъым заочнэу еджэхэм, уеблэмэ ахэр пэжыжьэщ елIалIэу щIэныгъэ зыгуэрым иратыным, - жиIащ министрым.

ЕтIуанэрауэ, къагъэщIэрэщIэжу щIадзэнущ еджапIэ нэхъыщхьэ («опорный вуз» жаIэ абы щхьэкIэ) Урысейм и щIыналъэхэм къыщызэIуахыным епха лэжьыгъэр. Мы гъэм и закъуэ къриубыдэу апхуэдэ университет къыщызэIуахынущ къэралым и щIыналъэ 50-м. ДиIэххэр 33-рэ мэхъу, ауэ «къэгъэщIэрэщIэжын» щыжаIэкIэ, абыхэм я лэжьэкIэм арэзы утехъуэн хуэдэу щыту къыщIэкIынукъым. Министрым къызэрилъытэмкIэ, щIыналъэ къэс яIэну университет нэхъыщхьэхэр я къалэным пэлъэщын папщIэ къэралым ахъшэ нэхъыбэ яритынущ. «Щалъхуа щIыпIэм щIэныгъэфI щызэзыгъэгъуэт щIалэгъуалэр хуэщхьэпэнущ а республикэм, областым, крайм социально-экономикэ зыужьыныгъэ ягъуэтыным», - къыхигъэщащ Васильевэм.

Ещанэрауэ, курыт еджапIэхэм психолог яIэн хуейуэ къалъытащ, школхэм къыщыхъу гузэвэгъуэхэм, адэ-анэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, ягъасэхэмрэ зыгъасэхэмрэ псалъэ къыщызэхуамыгъуэтыфым я бжыгъэм зэрыхэхъуэр къалъытэри.

А лэжьыгъэр яублагъэххэщ, ауэ абы зэран хуэхъуу IуэхугъуитI щыIэщ: психолог зэрахуримыкъумрэ а IэщIагъэлIхэм я улахуэр зэрымащIэмрэ.

ЕплIанэрауэ, УФ-м и щIыналъэ къэс къэрал IуэхущIапIэ къыщызэрагъэпэщынущ курыт еджапIэхэм я автобусхэм я щытыкIэм кIэлъыплъыныр я къалэну. Нэгъабэ и закъуэ школхэм иратащ автобус 1549-рэ. А автобусхэр щащIыр ди къэралращ.

Етхуанэрауэ. Министрым зэрыжиIэмкIэ, школхэм щхьэщахынущ «тхылъымпIэ лэжьыгъэр», курыт еджапIэхэр справкэ зэмылIэужьыгъуэхэр ятхын хуейуэ апхуэдизрэ ямыгъэпIейтеину, атIэ абыхэм я сайтхэр къагъэсэбэпу зыхуейр зэрагъэуIуну министрым унафэ яхуищIащ ЕгъэджэныгъэмкIэ управленэхэм щыIэ къулыкъущIэхэм.

- Ди щхьэ щIыдагъэхьащ ди лэжьыгъэр къэзыпщытэхэмрэ справкэ тхынымрэ, - жызыIэхэм я тхьэусыхафэм кIэ игъуэтыныр пэжу пIэрэ?

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Адыгэ театрым и лэжьыгъэщIэ

● ХъыбарегъащIэ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым нобэ игъэлъэгъуэнущ спектаклыщIэ - Дюрренматт Фридрих и «Визит старой дамы» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр.

Гъатхэпэм и 29-м щыIэнущ «Хьэпэщыпхэ» макъамэ комедиер, IутIыж Борис и пьесэр зи лъабжьэр.

Спектаклхэм щыщIидзэр сыхьэт 19.00-рщ. УпщIэ зиIэхэр 42-64-94, 42-33-89 телефонхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖьэкIэмыхъу Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *редактору* ЖьэкIэмыхъу Маринэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 2, 3-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(4, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Нэужьокъуэ Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.139 ● Заказ №280